

Laj Legliz Pègam Lan

60-1207

BRANHAM Tabernacle, Jeffersonville, Etazini

1 Dakò. Kounye a, osi lwen ke mwen konsène, li ta pi bon pou vire l. Dakò.

2 Nou sitèlman kontan pou nou isit la ankò aswè a nan sèvis Seyè a. E yè swa mwen te reyèlman santi Milenyòm lan te vini. E alò kounye a nou gen kèk, mwen kwè kèk kesyon isit la, epi mwen pral mete yo nan pòch mwen alò...Mwen—mwen devine sa se lapriyè...pou yo priye sou li. Epi nou...Epi mwen pral eseye reponn omye ke mwen—ke mwen kapab.

3 Annou di, èske w ta vle di Doc si l ta “vire sa,” sa la...klere jis isit la sou mwen, alò, mwen pa sou yon pwojektè. Ou konnen, mwen—mwen pa youn nan predikatè pwojektè sa yo. Ki fè mwen prefere jis pa genyen l, mwen sipoze. Dènye...

4 Mwen te mande sa, Doc. Mwen ekskize m, mwen—mwen ekskize m, ou wè. O, o, ki sa ou...? Ou dwe tounen la epi bouje li? [Frè Branham gen yon konvèsasyon ak frè li a, Doc — Editè a.] O, ebyen, jis kite l trankil. Wi. Oke, jis kite l trankil. O, non! Kounye a, piga w lage l. Wi. Kounye a, mwen renmen sa pi plis. Pafwa...Epi mwen pa renmen yon limyè ki jis klere byen dwat nan figi m, ou konnen. E—e li klere sa a kote mwen ka wè pi byen. Mwen remèsye ou, mesye. Sa ap koute l.

5 Ou konnen, ou pa ka fini ak laj legliz sa yo. Epi jodi a, lè m t ap etidye sou sa a, mwen di madanm mwen, mwen di: “Oh, la la! Mwen—mwen gen ase tèks pou m preche senkant sèmon jis sou sa a.” Ou wè? Epi yo jis...pa gen oken mwayen pou fè sa sinon ke jis touche pwen fò yo, e petèt lè nou ekri liv la lè sa a nou pral eseye fouye pi plis ladann.

6 Mwen pat wè w isit la, frè. Kòman w ye, frè West? Mwen fèk sot tande kèk bon nouvèl, sa se dènye a ki vin sot nan fanmi Frè Daulton lan, lòt ti gason an...lòt ti fi a. Sa fè dis, se sa? Nèf. Ou sonje ke se te anba nouvo ministè a lè Seyè a te di l la...fanmi l ta sove. Mwen t ap priye pou yo, mwen te kanpe la san mwen pa t konnen sa m ta gen pou di, Sentespri a te di:

“Mwen ba ou fanmi w.” Ou wè? En-en. Epi men li, yo chak. Ou wè ki jan Seyè a ajì? Ou wè, pawòl li yo pafè, yo pa janm, pa janm fayi. Ebyen, nou pa vle ale sou pati gerizon divin lan, n ap eseye rete osi lontan...pati sa a, sou pati pwofetik la.

7 Kounye a, aswè a mwen pral eseye jis pale, e si mwen kapab, e nou pral desann nan pati istorik gran laj legliz sa a, nan dezyèm lan...oswa twazyèm laj legliz la kote nou ye aswè a. Èske n ap jwi li? Se jis bèl bagay. Mwen jis reyèlman panse ke se bèl bagay ki jan Seyè Jezi te beni nou epi ban nou bagay sa yo, e nou apresye sa ak tout kè nou, Li fè nou konnen anvan lè sa ki pral rive nan lavni. Li konnen lafen depi nan konmansman an, e alò nou sitèlman kontan pou sa. Alò nou gen konfyans Seyè a ap beni nou.

8 Epi èske nou te remake, yè swa, Sentespri a te ban nou (apre sèvis la te fini) twa mesaj ak twa nanm. Jis egzaktman. Epi lè Lespri a t ap pale, alò li te tounen sou dènye entèpretasyon an, Li te repete, Li di: “Sa Lespri a di legliz yo...” O, “Sila ki gen zòrèy pou li tandè sa Lespri a di legliz yo.” Jis...E Lespri te di atravè don yo nan legliz la. O, se pou legliz la kenbe sa ak reverans kounye a, ou wè, jis kenbe sa ak reverans. Fè atansyon; Satan ap vini, pou l eseye toufonnen w byen fon avèk sa. Asire w ke se Sentespri a chak fwa. E si se Sentespri a, Li va pale dirèkteman sou yon bagay k ap pase. Se pou edifikasyon legliz la. Ou wè? Epi si nou gen reverans ak bagay sa yo, Bondye lè sa a, va ban nou plis. Ou wè, jis kontinye ajoute plis epi plis. Epi kòm...

9 Kounye a, yon moun ap rele epi mande...gen moun ki rele jodi a epi ki mande ki lè ap gen sèvis gerizon yo. Bon, osito ke sèvis sa yo fini, dimanch swa pwochen, mwen pral elwaye m pou kèk jou, on fason pou m repoze gòj mwen yon ti kras, nan dimanch k ap vini an, si Seyè a vle, n ap gen yon sèvis gerizon, nan dimanch maten k ap vini an. Sa pral yon...nou jis pa konnen ki jou li pral ye, men se pral yon semèn soti nan... Le 18, dimanch ma-...Èske se kòrèk, Frè Neville? Uhm? [Frè Neville reponn: “Wi, mesye.” - Ed.] Dimanch maten, le 18, lapriyè pou moun ki malad.

10 E nan bagay sa a, pastè nou an isit la, mwen pa t gen yon chans pou m di anpil bagay sou li, men mwen vle nou tout, eseye rankontre pastè nou an. Li se sètènman yon—yon vrè frè an Kris. Nou kontan gen yon frè ki...te pote nou nan lafwa Metodis ak lasentete. Epi nou tout konnen Orman Neville, tout moun bò isit la. Pa gen moun ki ka lonje dwèt sou lavi li. Mwen

ta...Li pa renmen lè m di sa, men ankò mwen ta pito ba li yon ti bouton flè woz kounye a, pase yon kouwòn antye apre li fin pati. Ou wè? E se moman an kounye a.

11 Yon swa mwen t ap soti legliz la epi yon moun te di: "O, frè Branham, mwen sètènman te apresye prèch sa a.

Epi mwen di: "Mèsi."

12 E konsa yon moun te kanpe nan pòt la, (sa fè anpil ane de sa, isit la nan Tabènak la) yon minis te di: "Ebyen, mwen beni Bondye, mwen pa vle pèsonn di m sa." Ou wè? Li di: "Mwen vle tout glwa a pou Bondye."

Mwen di: "Ebyen, glwa a pral jwenn Li." Ou wè? Epi mwen di: "Ebyen, mwen renmen sa, mwenmenm." Mwen di: "Mwen vrèman renmen sa." Epi mwen di: "Mwen dwe di laverite."

Epi li di, li di: "Ebyen, mwen pa renmen pou moun ap di sa de mwen, mwen beni Bondye!"

Mwen di: "Gen yon sèl diferans ant mwen menm avèk ou: mwen onèt sou sa, e oumenm ou pa onèt."

13 Nenpòt moun renmen...Si ou pran yon timoun piti, fè yon ti djòlè pou li, I ap fè yon pi bon travay. Ou wè? Se vre. Ou wè? E Bondye, toujou, Li renmen di pitit li yo lè li fè sa ki dwat. Nou renmen di yo lè y ap fè sa ki mal, alò poukisa nou pa di yo lè y ap fè sa ki byen? Ou wè?

14 Alò mwen sètènman di Bondye mèsi pou Frè Neville ki se pastè twoupo sa a isit la nan tabènak la. E lè m wè nonm sa a, ki leve nan lafwa Methodis, ki lan pou...Franchman, jis tankou ou vle manje nan move stand. Alò...men li dekouvri atravè gran Sentespri a, e ki vini kounye a atravè don sa yo; epi pou jan Sentespri a sèvi avèk li kouramman lè li p ap sèvi ak pwòppanse l. Gade entèpretasyon an ki ale nan menm ritm lan, ak menm monte anwo epi desann anba yo, tankou non ak pwonon, e latriye, epi li reponn touswit apre sa.

15 Epi ti frè sa a, mwen pa panse li se...Junior Jackson. Ebyen, m ap rete trankil, Junie. Mwen di Bondye mèsi pou Junie Jackson, frè a sètènman gen yon gwo don nan men Seyè a.

16 Epi jis toujou rete enb. Koulye a, tout moun nan legliz la gen yon bagay pou fè; men pa janm rale l mete l sou kote pou yon lòt bagay, kite l annamoni ak rès legliz la. Se pou Bondye, tout bagay. Ou wè? Ou wè? Piga tout moun vle pale an lang, ni tout moun ap entèprete.

17 Eseye fè yon bagay ki bon epi jis rete bon; piga kenbe okenn malis, okenn rankin, pa kite okenn amètim. Kèlkeswa jan moun lan move e kijan yo pale mal de ou, pa janm panse mal nan kè ou kont yo; paske la a drèt dyab la pral tabli tèt li, pou moute yon konplo la a drèt. Jis kite sa kouvri ak lanmou diven, konfesyon, ak mete bagay an òd, epi fè sa ki byen anvè moun ki fè w sa ki mal. Jezi di yo: “Si nou fè byen sèlman pou moun ki fè nou byen, franchman, èske pibliken yo pa fè menm bagay la tou?” Ou wè? Pechè yo, nenpòt moun ka bon anvè moun ki bon anvè yo. Men, fè byen pou moun ki pa fè byen pou ou, fè yon bagay pou sila yo ki pa ta fè anyen pou ou. Di yon bon pawòl pou moun lan ki ta pale mal kont ou, epi konsa w a fè tout amètim soti nan kè w; epi ou toujou renmen tout moun alò, osi lontan ke ou rete nan lanmou.

18 Kounye a, ou di: “Ebyen, yo te fè...” Se pa nou ki jij la, se Bondye ki jij la. Epi ou pa vle pòv kanmarad sa a pou yo jete l lwen, pa vre? Sètènman pa, pe enpòt kiyès yo ye. Ou pa ta vle sa, alò eseye janti avèk yo. “Epi lanmou kache yon pakèt peche.” En-en. Wi mesye. Lanmou, jis sa ki bon, Kretyen, Lanmou diven.

19 Si yon nonm vini epi li rele ou yon “egzalte” ak tout kalite non, bon—bon jis pa aji tankou l, ou wè, si ou pa ka aji tankou l, jis al fè wout ou. Men, nan kè ou, ou ta dwe nan yon pozisyon pou w ka di: “Ebyen, li...kounye a, petèt, frè, si ou te konprann bagay yo, nan fason mwen konprann lan, ou t ap santi yo menm jan avè m.” Ou wè? Epi jis rete vrèman dous avè l, epi kite sa kontinye konsa. E menm si nou ta ka diferan osi lwen ke lès elwaye ak lwès, sa pa fè okenn diferans.

20 Kòm mwen te di lòt jou swa a, mwen gen yon frè ki se yon...li se yon nonm ki gen yon gran tay, Melvin; li wo, cheve nan tèt li blon. Bon, nou pa sanble ankò pi plis pase si nou pa t gen okenn relasyon ditou. Epi apeti nou—nou yo diferan, epi dezi nou yo diferan; men poutan manman l se manman m, papa l se papa m, li se frè m. Ou wè? Paske nou fèt nan menm fanmi an.

21 Kounye a, nou diferan. Melvin pa yon kretyen, epi li renmen bezbòl, kous cheval, ak bagay konsa. E mwen—mwen panse ke li renmen tat ki fèt ak chokola, alò mwen sèten ke nou diferan la a. Alò mwen—mwen pa renmen kous cheval oswa bezbòl, mwen renmen lapèch ak lachas. Ou wè? E li p ap chanje pou sa, e mwen p ap chanje pou lòt la. Alò donk, ou wè, men li renmen tat ki fèt ak chokola e mwen renmen tat ki fèt ak seriz. Alò donk...

22 Kounye a, mwen p ap mande endirèkteman, ou wè. Men mwen te di sa yon fwa nan yon reyinyon yon kote, ke mwen te renmen tat ki fèt ak chokola, epi nan demen swa mwen te gen apeprè senk chokola...oswa tat ki fèt ak seriz, e mwen te gen kat oswa senk tat ki fèt ak seriz sè yo te kwit epi pote pou mwen. O la la! Èske nou te gen yon jibile nan chanm mwen! Men, mwen—mwen pa vle di l konsa. Ou wè?

23 Alò mwen vle jis montre nou diferans lan, ou wè. Men kèlkeswa sa li ye a, mwen renmen l, li se frè m. E alò li pa yon Kretyen paske li wè bagay yo sou yon lòt limyè, mwen wè bagay yo ala Limyè de Kris; men poutan mwen pa ka di se pa frè mwen li ye, paske nou se frè ki fèt nan menm fanmi.

24 Bon, yè swa, mwen te fè yon deklarasyon, alafen. E sonje kounye a, premye mesaj la te vin jwenn legliz la apre sa yo ke nou konnen yo, anplis de sa anba yo nan Kentucky, se te ke ta pral gen bagay misterye nan reyinyon sa a ki ta pral choke anpil moun. Sonje sa? Li sou kasèt, kounye a. Ou wè? Yè swa youn nan yo te revele. Alò sa te on jan sispann jis pou yon segond, men mwen sèten ke nou sezi l; paske Sentespri a te pote, sa ki te dwe: "yon lanfè Etènèl, pa gen okenn bagay konsa nan Bib la."

25 Pa gen lanfè Etènèl. Si ou te gen Etènèl ... Siw ta boule nan lanfè pou letènite, alòs, ou ta dwe gen lavi etènèl pou ta la a, si w ta vivan. Epi gen yon sèl fòm lavi etènèl, se Bondye! Ou wè? Se konsa, e ankò, Bib la pa anseye yon lanfè etènèl, li anseye yon lanfè ki "pèpetyèl". Ki te ka pou di mil milyon lane, m pa konnen, men l dwe sispann.

26 Paske m te dwe mennen l la a. M gade l lwen legliz yo ak bagay sa yo jouk mwen ... Se mwen menm menm ki pou di l. Epi apre, gen plizyè bagay la a ke se pral mwen menm ki fèt pou di yo, e konsa, chak swa na jwenn yo.

27 Men kounye a, a pati de aswè a, kòmanse pa louvri panse espiyèl ou, ou wè, kite Sentespri a jis tranpe ladann. Apre sa si w tande l epi w pa dakò avè l, jis ale epi di, "Pòv Frè Branham, li —Li sètènman pa konnen. M pral priye pou li. " Epi fè sa, e lè sa a m pral ... Seyè a ap fè m konnen sa k Verite a lè sa a, men jis senpatize avè m, epi pa-pa kouri mete m deyò. Konsa tou, sa ta ka vre, tou, men, Oo,sa fè m santi m byen anpil lè m ap panse l nan fason sa. Konsa, li jis fè chak bout yo kontre. Epi m, Oo, m — m ka gen tò; men gen petèt yon anons la a ke m pa okouran ditou, nou menm petèt, konsa nou va priye pou ke Seyè a ka montre m li.

28 Epi kounye a, sa k anvan tout bagay, kontinye priye youn pou lòt epi pa janm kite dyab la vin ak okenn amètim pe enpòt kote a. Gade? Kenbe nanm ou pi nan lè sa a, paske nou nan lè fèmti listwa mond sa a. Ou wè? Nou nan fen a, zanmi yo, san okenn dout sou sa.

29 Tankou jan n ap avanse nan laj legliz sa yo, nou pral jwenn nan yon ti moman, e petèt anpil bagay sou li aswè a. N ap plizomwen fè yon retou epi gen yon kontèks ki k ap pèmèt nou klotire l. e kounye a, nan aswè a na revele kèk reyèl bagay espiyityèl. Raple nou kounye a, m te di l, ou pral oblije louvri panse espiyityèl ou. Men, swuiv ekriti yo, li te dwe nan ekriti yo, epi li te dwe pase pa ekriti yo. Ou wè? Kounye a, raple nou sa ... Jis konesans Pawòl la, ou ka di, "Ebyen, m te al lekòl segondè. M te al lekòl bibliik. M te al nan kolèj. " Sa pa vle di anyen. Tout farizyen ak sadiseyen yo te fè menm bagay la tou, yo te pase a kote Jezi de yon milyon kilomèt. Ou wè?

30 Ekriti yo, revelasyon Ekriti yo, "li kache pou je moun ki saj yo ak moun ki pridan yo, epi l revele yo a ti moun sa ki vle aprann lan." konsa, annou oumenm ak mwen fè n piti epi jis dechaje kè nou, epi di, "Seyè, Ou-Ou di nou, epi nou-nap koute." E apre, sezi aplikasyon espiyityèl. Kounye a, raple nou sa a, pawòl sa yo ki pral di a pati de aswè a sou, sezi aplikasyon espiyityèl la, paske n ap antre nan yon gran laj legliz misterye.

31 Kounye a, m panse ke se te tout sa. Bon raple nou, demen swa, nou sou yon lòt laj legliz chak swa. Epi m sèten ke nou ka gen anpil tan demen poun pase lajounen sou sa, epi demen swa tou. Men, gade, anpil nan yo ap travay kifè m pral eseye jis jwenn pwen enpòtan mesaj sa a, touche pwen ki an kesyon isit la, ke nou ka pran youn nan yo epi kontinye avanse avèl jiskaskè nou jis pa ka di ki kote l ap rive. Ou wè? Men ... Ki donk, w ap etidye l la kay ou, epi m ap priye pou ou, epi ou va priye pou mwen, e ke Bondye beni nou ansanm kòm pitit li ki kwè.

32 Kounye a, anvan nou kòmanse, m mande si l pa ta twòp pou nou si nou ta kapab kanpe. Epi nou konnen poukisa mwen renmen kanpe pou m priye? Jezi te di, "Lè w kanpe, pou priye, priye konsa, 'Papa nou ki nan syèl la.' Epi padone nou youn lòt. " Ou wè? Kisa, Jedeyon youn fwa te chwazi lame l ak sila yo ki te bese tèt yo pou bwè dlo ak lang yo, oswa sila yo ki te rete kanpe pou pran dlo a. Ou wè? konsa, sila ki tonbe yo, ki te konn-yo te konn ajenou devan bann idòl yo, e l te konnen ke yo pa t fèt pou ale. Konsa, se sila ki kanpe ak je yo louvri ap siveye tout tan. Se jan saa nou fè l, kanpe pou n priye. Kounye a, mwen kwè tou nan ajenou pou lapriye; men, kanpe pou priye, mwen panse ke l jis vle di yon bagay pou nou, youn jan kanmenm. Ann bese tèt nou kounye a, chak kè ap koube tou:

33 Byenveyan Papa nou ki nan Syèl la, pandan ke kounye a n ap apwoche twonn jistis ou ak respè. Epi nou p ap vin mande W pou ban nou jistis, paske nou tout ta dwe boule, men nou

vini, ap mande W "Mizerikòd ou, Seyè!" devèse sou nou, aswè a, Sentespri w; pa paske nou merite, men paske nou pa diy, e nou reyalize l e nou rekonèt li, epi nou vini pa nan pwòp non nou, paske l pa sifi. Nou pa gen okenn jistis, oswa-oswa anyen, jistis ki pi gran nou an ta dwe vye ranyon sal nan je w. konsa, nou vin avèk imilite nan Non Senyè Jezi a, nou mennen l devan nou, san alyans li a, n ap ranpli kè nou avèk li, epi n ap di: "Bondye, gen pitye pou noumenm pechè, k ap mande w pou gen pitye nan moman detrès la. " Se, lè yon jou dènye predikasyon va preche, nou pa konnen ki lè l pral rive; dènye fwa a pral gen yon kri k ap fèt an lè a; Bib la pral ret fèmen sou chè ; bra yo pral anpile; epi ti tap sou zepol yo pral klewone; solèy la pral kouche. O Bondye! Lè sa a, kache m, O woche dè zaj, nan moman sa a.

34 Epi nou wè pa gen okenn fason pou chape kounye a, anyen sof pa oumenm. Nou wè nasyon yo ap demantibile. Nou wè Bib la ap akonpli. Nou wè pèp Izrayèl la ap reveye. Nou wè mesaj la bay a Legliz la. Epi lè a jis sou pwen fini, nan moman ke anpil gran bagay dwe revele, epi sèt so yo louvri.

35 Bondye, Bondye, O Bondye, gen pitye pou nou, nou mande w pou gen pitye. Epi an tan ke sèvitè, m mande w pou gen mizèrikòd pou tout moun ki nan Prezans Diven an aswè a. Bondye, fè ke pa gen yon sèl moun nan pami nou ki gen peche nan nanm yo, men ke l ka pirifye jis kounye a ak san Jezikri, pou ke nou tout ka rankontre nan plas ranpli ak benediksyon sa a ki pi lwen ke syèl la.

36 Epi pandan m ap apwoche Ekriti sa a aswè a, Papa, Oo, m endiy. Bondye, pa gen okenn nan nou diy. Nou admèt ke nou pa konn anyen, Papa, men nou solanèlman depann de Sentespri a ki ta vle revele l a nou menm. Pandan ke nap louvri l a travè konesans mantal kew te ban nou, listwa a, ke Sentespri a bay aplikasyon espirityèl nan kè nou. Akòde nou l, Papa, paske n ap tann apre w nan Non Jezi, Pitit ou a. Amèn. Nou mèt chita.

37 Nan 2èm chapit Liv Apokalips, epi dezyèm legliz la, twazyèm laj legliz la. Kòmanse ... [Yon sè pale nan yon lòt lang - Ed.] Padone m.

38 Papa nou ki nan syèl la, ke Non w Sanktifye. Ke Wayòm ou an vini, ke volonte w fèt sou latè menm jan nan syèl la. Nou mandew pou avèk nou, Papa, epi beni nou, epi ede nou poun se yon mètredèw ki saj nan tan gwo detrès sa yo pami pèp ou. Lè konfizyon ak tout bagay ap kontinye, ede nou poun vin miyò, Seyè, poun se sèvitè w a travè non Kris la. Amèn.

39 Koulye a, m te di sa anvan, poun te ka konnen. Èske w remake ke entèpretasyon an pat vin de Pawòl la? Sè nou an te wen ak Sentespri a, pa gen dout, men li te bay mesaj la apre Pawòl la te finn antre, ou wè. Li jis yon ti kras nan lòd ke bagay yo fèt. Ebyen, se te byen, chè sè mwen, nenpòt moun ou ye a. Sentespri a sou ou, Oo, li tèlman difisil pou kenbe l konsa, M

konnen. Se jis tankou ... Oswa lè w ap di yon lòt bagay epi ... Gade, men tout bagay te byen; men ou te pwobableman santi l menm anvan menm nou te kòmanse, ou wè. Epi se rezon sa a, ou wè, li tounen lè Lespri a ap travay. Lespri pwofèt yo soumi a pwofèt yo, ou wè. Se oumenm sa.

40 Kounye a, petèt Sentespri a wen ou ankò, jis ... Mwen espere ke l fè l, jis apre sèvis la fini. Epi siveye entèpretasyon an ki swuiv, ou wè, paske l ta dwe fèt byen e nan lòd lè sa a, ou wè; men nou jis ap apwoche Pawòl la, ou wè, isit la. Se konsa, kounye a, ki te reyèlman Bondye, li reyèlman te; M kwè l epi m santi l ak tout kè m, paske m te santi l retounen a li, ou wè. Men, Sentespri a ... se pat lè a. Li te gen yon mesaj pou ke sè a te bay legliz la, men men kijan li travay mesaj li a koulye a. Ou wè, Li pap konfonn tèt li, Li mete tout bagay yo nan lòd. M si ke tout moun konprann, ou wè, se jis byen.

41 Koulye a, nan - nan 2èm chapit Liv Revelasyon an. Epi ann... Nou kòmanse aswè a ak avèk Laj Pègam, douzyèm chapit la. Bon, yè swa nou te rete nan 11yèm vèsè a: Moun ki gen zòrèy, ke l tandè sa ke Lespri ap di legliz yo; Moun ki genyen batay la pap frape pa dezyèm lanmò a.

42 Kounye a, nan premye aj legliz la, nou te jwenn ke Nikolayit yo te kòmanse antre. Bondye te revele l kòm ... Jezi te revele tèt li kòm Bondye ki gen tout pouvwa a: pa gen lòt, pa kèk ti pyès, pa moso Bondye, Li te sèlman Bondye.

43 Kounye a, nan laj legliz yè swa a, nou jwenn ke L te kanpe nan pòt la e L te ekri bagay pou legliz la, epi l te pale yo sou povrete yo. Men, Li te di ke yo te nan yon ... Nikolayit sa yo, elatriye, ke l te rayi.

44 Yè swa yo te ... te met kouwòn mati a. Li te di yo pou yo pa pè, jouk nan lanmò, ke L va — Li va avèk yo. Epi, an dènye Li te di, "Moun ki ranpòte laviktwa a ! Moun ki ranpòte viktwa pap konn dezyèm lanmò a. "

45 Koulye a, si gen yon mò, e nou konnen sa, alòs, dwe gen gen yon lòt mò yon lòt kote; 'paske nou mouri yon sèl mò isit la nan lachè, nan dezyèm mò a nou mouri nan Lespri, nanm nan. Ki se, "E nanm ki peche ap mouri sètènman." Mouri se jis, " sòti totalman nan tout bagay;" ou wè, ou -ou ... Lanmò vle di, "ou anlve, se mennen w lwen, kache lwen." Kifè lè byeneme nou yo mouri, yo sòti nan egzistans nou jann konnen l lan. Nou rele sa lanmò.

46 Men, yon kretyen pa mouri. Pa gen ekriti ki di keyon kretyen mouri, paske l gen lavi etènèl. Lè yon pechè mouri, li fini, epi nanm li pral mouri finalman. Men, lè yon kretyen mouri, li jis ap tann Jezi kap retounen ankò. Oh, m espere ke m gen tan rive nan fen vizyon sa a aswè a, sou sa ke nap tounen an; epi nou pral wè l, kijan l se menm bagay sou dezyèm lanmò sa a.

Menm chapit sa a ke nap pale aswè fè wè menm bagay la, e se tèlman yon bèl aplikasyon isit la.

47 Bon- kounye a, aswè a, nou pral li lèt sa a prese prese, paske m gen kèk -kèk enfòmasyon sou listwa kenn vle rive sou li an premye, pou n eseye pa kenbe w twò lontan. Koulye a, nan ... apre ke sèvis sa yo fini, nenpòt lè sim ta li sa a twò vit, si w vle jwenn ki jan pou itilize l ; Frè Mercier isit la gen tout bagay la, mwen remèt nòt yo dirèkteman a limenm; e l kapab paske lap ekri liv la, lap ba w nenpòt sa w vle konnen ... ou-ou vle sou li. Sa tap trè byen, Frè Mercier.

48 12yèm vèsè: Pou lanj legliz Pègam la li ekri; Men sa ke moun ki gen epe byen file ak de tranchan an di; Mwen konnen zèw ou yo, e ki kotew rete, menm ... fotèy Satan an ... epi w kenbe non m fèm, epi w pa renye lafwa mwen, menm nan jou sa yo kote Antipas mati fidèl mwen an, ki te mouri nan mitan nou, kote Satan rete. Men, mwen gen kèk bagay kont ou, paske w gen moun ki kenbe doktrin Balaram, ki te anseye Balak pou tann yon pyèj pou pitit Izrayèl yo, pou manje viann sakrifye bay zidòl, epi komèt fònikasyon. Menm jan, oumenm tou kenbe doktrin nan ... (zèw li yo nan laj Efèz, kounye a li vin tounen yon "doktrin") ... doktrin Nikolayit yo , ...(nou sonje m tap di nou sa avanyè swa kòman ke l te raproche de sa? Yon zèw nan Efèz, kounye a li yon "doktrin ") ... doktrin Nikolayit yo , bagay sa yo kem rayi. (Uhm!) repanti; osinon m pral vin sou wou byen vit, epi m pral goumen kont yo ... (pa ak vrè Legliz la) ... yo menm ak epe a nan bouch mwen. Sila ki gen zòrèy tandè sa Lespri ap di a legliz yo. A sila ki pral gen vikwa a, m pral ba l manje lamann kache a, epi map ba l yon wòch blan e sou ròch la te ekri yon nouvo non, ke pesonn pa konnen sinon sila ki resevwa l la. Koulye a, ke Senyè a ajoute benediksyon l yo sou saa, epi ede nou kounye a pandan ke n ap eseye.

49 Koulye a, sou orijinn legliz sa a. Se twazyèm laj legliz la, ki rele Pègam. Epi dat- dat ke legliz sa a te egziste te pati de 312 anvan delij la, 312 a 606.

50 Laj la se te: fo doktrin, mansonj Satan, fondman règ pap la, epi maryaj legliz ak leta.

51 Rekonpans lan se te: lamann kache, yon wòch blan.

52 E zetwal la, anj legliz sa a, apati de tout sa Sentespri a te pèmèt mwen fè, mwen te chwazi Sen Martin. Se te-te revelasyon kem te gen sou sa, paske m te li sou lòt sen yo pandan tan sa a. Mwen te chwazi Saint Martin paske li te yon nonm pye, dapre mwen, li te dis fwa plis apòt ke Sen Patrick.

53 Kounye a, Sen Patrick te neve Sen Martin; Sè Sen Martin an se te manman Sen Patrick. Epi Sen Martin te ... ,asireman se te tonton Sen Patrick.

54 Koulye a, lavi I te kòmanse nan lane 315 lè kretyènte jouk lane 399. Koulye a, men rezon ki fè kem chwazi I de preferans ke lòt sen yo nan tan sa a, se akòz de jan ke I te kenbe tèt li. Epi I te anba enspirasyon Bondye a, mwen pa kwè ke ...

55 Kounye a, legliz Katolik pa t kanonize I, yo pa t rekonèt li, e se pou lòt rezon sa a ke m chwazi I'. En-en, en-en. E tout bagay sa yo ke nap gade a, ki gen ministè espiyèl la, legliz primitiv sa a te rejete a. Legliz Nicolayit la te refize I 'poutèt bagay sa yo: yo te espiyèl. Epi jan m te desine I laa, Legliz la yo te oprese I epi doktrin Nikolayit la te an— te an majorite; epi vrè legliz la te an minorite, tankou I te toujou ye.

56 Epi jan mwen te di I la depi nan konmansman an, se Jezi ki te di: "Nou pa bezwen pè, ti twoupo a, se bon volonte Papa nou pou I ban nou Wayòm nan." Se poutèt sa m aplike mo Wayòm nan a yon Wayòm espiyèl. Epi nou ... gen yon Wayòm espiyèl, e nou kontan anpil pou sa, epi I se Wa nan Wayòm sa a. Sonje byen, Li se wa sen yo (sila yo ki sen), Li se wa a kap mennen yo.

57 Lavi Sent Martin te ... se youn nan pi ekstraòdinè lavi chaje ak mirak ke moun te viv nan laj legliz yo. A kòmanse pa Sen Pòl rive byen lwen, li te youn nan moun ki pi espiyèl. Li te ...

58 Youn nan premye mirak li yo se te ... Li te yon sòlda, pou kòmanse, mwen kwè. Epi apre, yon jou pandan I tap vini te gen yon moun ... Yon - yon nonm te lonje atè a, frèt ap tranble, epi tout moun ki te vle ... oswa, pa vle, men ki te kapab ede nonm lan, yo jis pase 'tankou prèt ak Levit yo te fè bon Samariten an. Men, lè Sen Martin te rive bò kote I, li fè devwa I kòm yon kretyen kwayan, li te gen yon sèl manto, yon manto sou zepòl li yo, li koupe I an de ak epe I', li bay mandyan an yon mwaye, li te pran lòt mwaye a. Depi jou swa saa karyè I kòmanse, paske, Jezikri te parèt devan I, nan yon vizyon, vlope nan menm rad saa ke I te koupe an de; sak te fè ekriti a akonpli " Sa menm kew te fè pou sa yo, ou te fè I pou mwen."

59 Ebyen, pran sa pou yon leson. Kèlkeswa sa w fè pou yon moun, wap fè I pou Kris. Jis sonje sa. Koulye a, ou ... Ann di sa ansanm [Frè Branham ak kongregasyon pale anmenm tan - Ed.]: "Sa w fè pou lòt moun yo, se pou Kris ou te fè I." konsa, pa gen pwoblèm sa I panse de ou, se sa w panse de li, ou wè, ki mennen benediksyon an.

60 Se te premye mirak li e kòmansman ministè I. Gen tèlman bagay sou sa, M-M ka pa gen tan. Paske mwen vle w tounen demen swa epi chak swa, kidonk m pa vle kenbe w twò lontan.

61 Dakò, pwochen mirak ke m te chwazi pou m pale aswè a.

62 Li te demoli pafètman paganis la, epi I te fèm kont legliz Wòm lan. Li pafètman an dezak ak tout evèk premye legliz Wòm yo, li ... yo te tonbe nan mondanite konsa elatriye, epi li te kenbe tèt ak yo. Li te sètènman kont yo. Sa se yon mirak ke li menm te viv nan jan de tan sa yo. Kounye a ...

63 Men yon jou li te detwi yon jaden payen, li te kraze yon lotèl payen, e te gen yon pyebwa sakre ki te kanpe bò lotèl payen an. Epi li tap koupe pyebwa, e anpil moun ki te kanpe bò laa pat kontan pou sa. Li te di, "Si m se yon òm de Dye ... Mare m jan pyebwa a apiye a epi kite pyebwa a tonbe sou mwen. Si m se yon òm de Dye ... Si m pa yon òm de Dye, pyebwa a ap touye m . Si m se yon òm de Dye, Bondye m nan ka tòde pyebwa sa a nan yon lòt direksyon. " se tout yon defi sa! Konsa, yo te kòmanse koupe pye bwa a; epi lè pyebwa a te kòmanse tonbe, li tounen bò e I te touye yon pakèt nan espektatè yo. Bondye retounen tòde I nan kolinn lan. Yon mirak! Oo, te tout tan gen bann mirak nan reyinyon I 'yo.

64 Yon lòt mirak kem te panse rakonte, se te yon ti bebe ki mouri ke I te mete kò I ankwa sou li. Epi li te resisite , apre I te priye pandan kèk tan pou ti bebe sa a.

65 Yon lòt ki eksepsyonèl pou mwen, se te anperè a. Epi li ta pral touye kèk nan moun ki te ranpli ak Sentespri a. Epi sètènman li te bra dwat - evèk premye legliz Wòm lan, nan epòk sa a, epi li deja te yon Pap anvan yo te rele I yon Pap. Non I se te Damasur, epi li tap touye tout kretyen ke I te ka jwenn pou I touye. E- E madanm anperè sa a, yon payen, ak tenèb sou pwòp kè I.

66 Epi lè sen sa a Sen Martin te vin entèsede, madanm li mete I 'bò kote I ' pou I te eseye entèsede pou yo pat touye kretyen sa yo. Natirèlman, lè I te finalman rive kote I, li pa t' fè anyen ki bon, paske I te jis bra dwat Pap sa a; konsa li te kanmenm touye kretyen sa yo ki te ranpli ak Sentespri.

67 Men, Saint Martin te vle entèvyou a avè I , epi sekirite yo te stope I nan baryè. Ebyen, Saint Martin tonbe sou figi I ', e lonje la a, e I priye jiskaske Bondye te montre I ' pou I antre andedan an. Lè I te leve la a, li te avanse sou pòt ki te fèm yo epi yo te louvri pou kont yo, li te jis rantre.

68 Kounye a, sa a se istwa, sa a se pa jis sa yon moun ekri sou li, e jis menm jan yon ti ... Si ta gen nenpòt bagay, se ta byen domaj pou yo, si se ta kèk legliz ki tap pale; oswa, m ta di, omwen, espesyalman legliz papal la, yo pa tap mansyone bagay sa yo. Men, ou wè, istwa a site verite a. Ou wè?

69 Epi nonm sa a te avanse tout dwat, Sen Martin, e I te pase devan tout gad yo, epi tout lòt bagay, rive tout dwat devan anperè a. Epi anperè a pat vle respekte sèvitè Bondye a. Ou

konnen, sa-sa pat— se pat la manyè. konsa, li jis vire tèt li epi pa t menm gen respè pou li. Ou konn sa Bondye te fè? Li te eseye pale avè l epi li jis kontinye tounen tèt, epi Bondye t pral fè payen saa respekte sèvitè l. Se konsa, Li jis mete dife nan bagay la, epi li boule l nan plas kote l te chita a, fè l leve kanpe.

70 Kounye a sa a - kounye a sa a se istwa Bib la, Konsèy Nise a. Li te dwe respekte sèvitè Bondye a; Li fè l kanpe. Li te menm boule chèn li te chita sou li a; dife te travèse kò l', li boule nan fon chèn la, e l te dwe sote ponpe de kote l te ye a. Bondye gen yon fason pou fè bagay yo, ou konnen. Uh-hum. "Bondye kab a pate de wòch sa yo fè ti moun bay Abraram." Epi raple nou, ke menm Bondye sa rete nan mitan nou aswè a. Se menm Bondye a. Dakò.

71 Apre sa, yon lòt ke m renmen, epi map rete. M te gen kèk isit la, men m gen ... Koulye a, sa a m te fanatik li anpil, pandan ke yon jou li tap tann moun li yo, nan lapriyè nan sal etid li.

72 Epi li — li te yon nonm eksepsyonèl, e li te kondwui legliz sa a ki te ranpli ak Sentespri a, e ki te dechire nou tout ... Oo, li te yon ... te fè yo tout ranpli ak Lespri a, tout asanble l lan. Epi toupatou a travè peyi a, kretyen yo te fè mirak ak mèvèy.

73 Gade, Bondye pale ak mesajè l, mesajè a pale ak layik yo. E alòs, sa se sa k, rive, ou wè, Li-Li kenbe layik la avè l menm jan nan Bondye; ou wè, Sentespri a ap devèse nan gwoup yo a.

74 Anpil fwa lè yo te matirize yo, yo met pastè a kanpe nan mitan yo menm (konsa) epi yo touye yo tout an menm tan. E se pa ti kalite mechanste yo te fè moun sa yo! Yo boule yo. Yo te pran gason, yo kloure yo ak ... sou pye bwa, e lage chen sovaj,oswa ... epi yo kòmanse manje moun yo nan do yo, ap rale trip yo sòti anvan menm ke moun nan mouri. Yo pran fanm yo, koupe tete dwat yo, epi kite yo kanpe la pandan kè yo ap bat, e jouk yo tonbe pèdi konseans, mouri, konsa. Yo pran ti moun piti yo nan men manman ki ansent yo e bay kochon manje yo, kite manman yo kanpe epi ap gade sa. E tout jan de bagay sa yo!

75 Koulye a, ou pa ta panse ke moun ki deklare yo nan Krisyanis ta fè sa. Ebyen tandè, Bib la te di, Jezi te di, "Sa pral rive ke yo pral touye w, ap panse ke yap rann Bondye a sèvis." Ou sonje, ke se Jezi menm ki te di sa, a travè menm Lespri a, li predi l ankò nan fen tan an. Fòk sa rive. Si lòt yo akòde jis pafètman ak ekriti a, siveye epi gade si l pa pral konyenside egzaktman a travè ekriti a epi a travè listwa a. Bondye te di ke l tap rive, men kote listwa di ke l te rive;isit la istwa a te di ke l te rive; Bondye te di ke l tap rive laa, men kote l te rive vre; ou wè, jis egzaktman. Alòs kisa nou pral fè lè nap rive nan Laj Legliz Laodicean (ou wè, ki kote nou ye kounye a) Epi chay malè yo ak bagay sa yo ki te kont li?

76 ki donk, kounye a, apre sa, li te laa ap priye pandan ke asanble l la t ap tann. Epi te gen yon mandyan ki te vin nan pòt la, e l te frape pòt li, li te ouvri pòt la (li te okipe), e l te di l li vle yon-yon rad. Li te toutouni, li pa t 'gen anyen, li te frèt, epi l te di ... Li voye l' al wè dyak an chèf la. Epi dyak an chèf la te fache anpil sou li, epi ranvwaye l. E lè l te fè sa, li te vire annon, li retounen epi l di Sen Martin ke-ke dyak la te ranvwayel.

77 Apre sa, apeprè nan menm moman , dyak an chèf la retounen edi l , li di l yon jan sevè, ke: "Asanble w la ap tann ou! Ou fè yo ap tann! " Men, li tap priye. Li mye ke l rete ap priye jiskaske l santi Bondye gide l pou l sòti.

78 Epi mandyan sa a retounen nan pòt la. Epi Sen Martin wete pwòp bon rad li e l bay mandyan an li, epi l te mande dyak an chèf pou l al chache yon lòt epi pote l ba li. Bon fòk li te gen yon rad, nenpòt ki fason an, li mete l 'sou Sen Martin. Kidonk li te mete rad ki pi senp la devan pèp la olye de bon rad li a.

79 Ou wè se jis pou fè wè: bay sak pi bon ke w genyen, bay lavi w, bay tan w, bay Kris tout bagay. Ke menm Lespri sa a ki te viv nan Kris la, viv nan ou, e — e enfluyans ou nan katye w ak moun ke w annafè, pral tèlman tankou Kris jouk li va pwodui menm bagay ke Kris te fè.

80 Finalman sa te rive ke moun te kouche nan lonbraj yo epi yo te geri. Se-Se vre, jis tèlman anpil pouvwa lanmou te antoure yo. Apre sa, yo te di ke "Lè Sen Martin t'ap preche mesaj li, apre ke l te soti ak rad senp sa a sou li, epi tout asanble a te remake yon ekla limyè te environnen l." Uh-huh. Ou wè? Gade, paske l te fè sa k byen.

81 Toujou fè sa k dwat, se devwa w anvè Bondye; panse byen, sa a se devwa w pou tèt ou; epi wap soti jis. Se byen, ou jis pa gen chwa.

82 Bon, nou vle kòmanse kounye a ap eseye pran sa a nan kritè eksplikasyon, aswè a, paske li kesyon la a de kichoy ki trè fò. Koulye a, a anj legliz Pergamos li ekri; Bagay sa yo ke moun ki gen epe byen file de- ... epe ... byen file epe a de tranchan an;

83 Kounye a, mwen vle remake Lap prezante tèt li ankò aswè a nan Divinite. Chak legliz te youn nan eta glorifye l yo: Sila ki te gen douz zetwal ... oswa "sèt zetwal nan Men l ', sila ki gen epe file a de tranchan," Ou wè, yon lòt bagay, " Sila ki gen pyel yo fèt an kwiv, je l yo kap voye... yon flanm dife. " Lap retounenen prezante tèt li nan Divinite l yo.

84 Koulye a, ou di, "Ki kote Divinite trouve l nan sa a, 'Sila ki ak yon epe file a de tranchant kap soti nan bouch li'?"

85 Oke, epe a se "Pawòl la." Ebre 4, nou te pran l depi nan konmansman lè nou tap pakouri Divinite l. Epe a, nou te jwenn nan Ebre 4:12, ki se, "Pawòl Bondye a te pi file pase yon epe a

de tranchan." Eske se vre? Se te Pawòl Bondye a. Eske se sa? Koulye a, gade, ou gen ... jwen entèpretasyon sa yo. Koulye a, swiv Pawòl sa a, Sen Jan 1, "Nan kòmansman an" (lwen dèyè) "se te Pawòl la ki te kreye syèl la ak tè a." Eske se vre? "Epi Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la se te Divinite. Epi Divinite a te fèl chè e l te rete nan mitan nou. " Eske se vre? "Pawòl la te fèl chè e l te rete nan mitan nou."

86 Epi men l kanpe la a, Limenm ki te nan

kòmansman an, "Di lanj legliz -Perga - ... Pègam sa pou mwen. Di l konsa ,M se Pawòl Bondye a. "Oo, nou wè l' nan liv Revelasyon an, ap avanse ak rad li tranpe nan sanl, yon kouwòn sou tèt li, monte sou yon chwal blan, e sou kwis li te ekri, "Pawòl Bondye a." Oh, m renmen sa. Li se Pawòl la, Pawòl Bondye a. Konsa, nou wè Divinite saa depi, nan kòmansman an, pou prezante tèt li, Li se Pawòl la.

87 Koulye a, si Li se Pawòl vivan an, apre sa k ekri nan Bib la se yon pati de li; epi, si w ka resevwa sa a, de limenm (ki se Pawòl la), Pawòl sa a vin nan ou pa lafwa, fè l li vivan, paske ... Oo! Sezi saa Sa! Pawòl la antre nan ou, si Sentespri a la, li vivan osito ke l rantre, e chak pwomès se verite. Anyen ... "Se poutèt sa, si w di mòn sa a 'deplase,' e w pa doute nan kè w." Paske (kisa?) Ou se divinite kap pale. Ou kwè li? Bib la di sa. Epi kèlkeswa sa w di a ap rive si w pa doute, ou ka gen tout sa,—Ou te bay mond lan nesans, kite Sentespri a fè de wou yon pitit gason oswa pitit fi Bondye a ranpli: okenn mond, okenn kondanasyon, okenn dout. Ki sa li ye, alòs? Se pa ou menm ankò, se Bondye ki nan ou. Kifè, ou pran pawòl li, Se yon pwomès, epi w di, "Papa, se pwomès Ou." " Satan, ... " Yon bagay dwe bouje. Ou wè? Ou wè?

88 Koulye a, ou pa ka fè sa jiskaske Bondye te revele nan moman sa a kisa k sa ta dwe ye. Ou wè? Alòs, lèw konn kisa sa a pral ye, Lè sa a, ou ka di, tankou Jezi. Li te Pawòl la. Eske se vre? E deja Jezi, nonm lan, tabènak la, te di, "Mwen pa fè anyen sof si Papa a montre m li an premye."

89 Alòs, se pa Pawòl la jiskaske l manifeste a oumenm menm. Ou konprann? Se pa etonan moun di "jou mirak yo pase," Pawòl la pa manifeste a yomenm. Se pa etonan yo pa ka kwè nan Sentespri a, Pawòl la pa manifeste a yomenm. Se pa etonan yo pa ka wè revelasyon batèm nan non Jezi kri, Pawòl la poko manifeste a yomenm; e poutan yo pa gen yon sèl Ekriti pou yo refere yo, pa gen okenn plas kote moun te janm batize nan yon lòt fason.

90 Konsènan Sentespri a, Bib la te di ke "Okenn moun pa ka di Jezi se Kris la, sèlman pa Sentespri a," epi moun yo di ke yo pa kwè ke Sentespri a gen rezon. Ou wè? Ou wè, li pat fèt pou yo. Jezi te di, "Okenn moun pa ka vin a mwen menm si Papa m pa atire l an premye. E

tout sa ke Papa a te "(tan pase)" ban m ap vin jwenn mwen. " Oo, eske se pa yon bèl bagay!
"Tout sa Papa a ban mwen, ap vin jwenn mwen. Okenn nan yo pa pral pèdi sof pitit pèdisyon
an, e m pral ... (li te fèt pou bi sa a), e m va resisite l nan dènye jou a. "

91 Oo, lala! Se la ke non nou te enskri nan Liv lavi ayo a: depi nan fondasyon mond lan. Eske
sa pa yon bèl bagay! Ki jan nou ta ka doute?

92 O Bondye, wete dout nan mitan nou, jis sikonsi pòv kè imen nou jiskaske pa gen okenn
dout ditou nan mitan nou. Se priyè mwen. Jis elwaye tout dout, Seyè. Kite m viv dousman,
avèk imilite, epi mache tankou yon Ayo Bondye a sou latè. Kite-kite m mache tankou L te
mache. Kite m pale tankou L pale. Se pou entonsyon m yo menm jan ak entensyonl yo. Kite
— kite m ... Kite lòt moun jwenn Jezi nan mwen. Kite m 'pèdi tèt mwen epi jwenn li, Seyè, nan
Ou. Se byen sa, kite m 'jis pèdi tèt mwen epi jwenn li nan Ou; jis tèlman anvlope nan Kris la
jouk pa gen plas pou dout, jis sa ke l di.

93 Koulye a, pa soti isit la epi di, "Glwa pou Bondye! Alelouya! Lwanj pou Bondye! Ou wè sa
m ka fè? Glwa pou Bondye!" Ou poko genyen l. Sa a se pa fason li te fè l, non, bonbe pwatrin
epi di, "Gade sa m ka fè? Wi mesye. M se Sesi ... "Non. Li pa janm pran lwanj pou anyen, Li
te bay Bondye l epi l te mache avèk imilite e dousman, ak yon tèl atmosfè toutotou li jouk
moun jis renmen rete bò kote l'. Se sèlman lènmi l yo ... Epi li te renmen yo ase jouk li menm
te priye pou yo toutan. E se te egzanp ou, egzanp mwen, pou fè pou lòt moun menm jan li te
fè pou nou an.

94 Bon, nou vle fè remake isit la ankò kounye a, nan 2yèm vèsè a, ki ta ka trèzyèm lan: Mwen
konnen zèw ou yo, ak-ak ki kote w rete, menm ... fotèy Satan an. epi w kenbe non m fèm, e w
pa renye lafwa m, ...

95 Gade, y ap viv kote Satan chita, e kanmenm yo toujou kenbe non Jezi a. Gade, "Epi yo pa
renye lafwa m." Ki kalite lafwa li te ba yo? Lafwa pentkotist, nan kòmansman an. Yo te gen
lafwa Nikolayit la, yon òganizasyon legliz, e latriye, yo tap bati, yon legliz ki pran nesans anba
òganizasyon; men Li te di, "Ou te elwaye w de sa, ou te rayi l, epi mwen menm tou. Epi w pat
renye non m; ou pa t ale dèyè ti vye kilt yo ak bagay sa yo, ou te toujou rete ak Non mwen.
Epi w toujou te gen lafwa m tankou li te ye nan kòmansman an. " Oo, m renmen sa! ... pa
renye lafwa m, menm jan ak sila yo nan jou kote ... (M devine ke pwononse sa a A-n-t-i-ps)
... Antipas li te mati fidèl mwen an, ki te mouri nan mitan nou, lakay Satan.

96 M pral rete la jis yon minit. "twòn Satan." Nou vle on jan apwofondi bagay sa yo, m vle w
sezi L. Asire w ke w sezi L, kounye a. "Twòn Satan." Bon, Bondye te deklare nan Jenèz kote

twòn Satan te ye, e se te nan Babilòn. Se te toujou twòn Satan, e nan Apokalips se te menm bagay la. Men, si w remake, Babilòn te chanje tèt li de *payen* a “pap.”

97 Bon nan tan ansyen yo, oswa jis anvan sa te rive (kèk ti tan), twon Satan te bati gwo...m kwè w te ka rele li yon sa-...sakrifikatè-wa pami Kaldeyen yo. Yerachi Babilòn te chanje pozisyon li lè Moun Perse yo t ap kouri dèyè l, e ke l te kite Babilòn. Non l se te A-t-a-l-i, Atali, gran sakrifikatè-wa Babilòn lan. Lè moun Perse yo te antre epi te pran kontwòl Babilòn, ap chase Kaldeyen yo; Atali, sakrifikatè-wa yo a, te kouri e li te tabli twon li nan Pègam. “*Twon Satan an se kote w rete a.*” Ou sezi li?

98 Bon, se poutèt sa mwen tounen dèyè pou m pran istwa sa nan istwa legliz, pou m te jwenn ki kote...a sa k te rive lè Li te di: “Ou rete kote twon Satan ye.”

99 M te panse, “Ebyen, se ki kote sa ka ye, yon bagay tankou ‘twon Satan?’” Apre sa m te jwenn ke gran wa sa, aprè li te fin kouri pou konkeran Perse yo ki te pran kontwòl la (dapre vizyon Danyèl la), li te vin nan vil Pègam sa, a Wòm, pou tabli katye jeneral li la. Satan te deplase katye jeneral li de Babilòn a Pègam, kote (a lavenir) li ta pral kòmanse nouvo Babilòn lan. O, la la! Kounye a ou gen tout tablo a kote l te ye. Dakò.

100 Bon, epi la li te matirize frè ekstraòdinè sa, ki te matirize la, Antipas.

101 Apre sa li te chanje teknik li. Dabò li te pèsekite Kretyen. O, se pa tikras rayi li te rayi zafè Kretyen! E li te yon sakrifikatè-wa limenm, payen natirèlman. Apre sa li te chanje atitid li pou l te asosye l avèk Konstanten.

102 Konstanten te toujou konsidere (e menm pa pap la jodi a) fondatè Chevalye d Kolon, bon, sila ki te fè sèman sanginè sa. Men konstanten (mwen di sa avèk reverans ak respè), dapre sa m li nan istwa, pat janm te konvèti.

103 Bon, li te fè yon rèv on swa, ke si li...li te wè yon kwa, e l te di ke pa siy sa li va genyen batay la; e an...poutèt sa li te pwomèt relachman pou Kretyen yo, ke li va yon Kretyen, si yo ka priye pou l gen batay sa. Mwen te kanpe bò kot pon an la, kote li ...lòt kote pon an, nan dòmi, li te fè rèv sa; e l te reveye pou pentire yon kwa blan sou boukliye pa l epi boukliye tout gèrye l yo. E se la Chevalye d Kolon yo te fòme, yo ki anba dominasyon Katolik Women yo. Men li pa janm fè yon sèl bagay nan zafè relijyon; sèl bagay li te janm fè ki ekri nan istwa, dapre sa m te wè, se te ke, li te mete yon kwa sou tèt Legliz Sent Sofi. (Hmm!) Men li te yon politisyen, e lè l te vin anperè Wòm nan moman sa, li menm ak sakrifikatè payen sa, ansanm, yo te asosye yo epi antre nan legliz tyèd ki te rele Nikolayit nan moman sa. Kretyente, se te yon bagay ki te panche sou sakrifikati, ke yo te vle nan legliz yo, nou va pran sa a laveni nan etid sou legliz Efèz, elatriye, ak--ak Esmine; Nikolayit sa yo.

104 Kounye a Nikolayit yo te vin yon...pa “zèv” jan sa te ye anvan o kòmansman *la*, men *isit la* se yon “doktrin” La se te “zèv,” yo t ap eseye fè l antre; men isit la nan twazyèm aj legliz la li te vin yon “doktrin,” ak souvren sakrifikatè, de gran zòm. Yo potko rele yo pap ankò, kounye a; men yo te konn rele yo, achevèk, de gran zòm, ou konnen, ak repitasyon. E doktrin yo a te, te, li te fòmèl.

105 Yo t ap elwaye yo de Legliz ki kondwi epi ranpli ak Lespri, ak Sentespri a. Yo te lese yo pran distans yo ak minorite a pou rele yo “eretik,” paske yo patka dakò avè yo pou te gen gwo denominasyon sa yo. Men Legliz te vle rete lib anba jiridiksyon, anba pwisans Sentespri a, jan Kris te pwomèt yo l; Li ta pral avèk yo, e se sa ki te Wa yo. O! Wa yo!

106 Vrè Legliz la pa janm chanje atitid li, pa pou yon konsèy ak--ak te vin dirije l... M pa konn kijan nou rele yo deyò a la, kadinal, evèk, pap, sa k enfayib yo. Nou kwè gen Yon Sèl ki enfayib, Se Wa nou an, Se Jezikri ki avèk nou kounye a sou fòm Sentespri a; Bondye lan nou, k ap viv pami nou, k ap kondwi nou epi gide nou nan dlo Lavi a, k ap revele L Limenm; ap montre, jan L te fè l pami sen ak matir tan primitif yo, ke Li te Bondye Seyè kreyasyon an, k ap geri malad, resisite mò, montre vizyon, chase demon.

107 Pa menm yon fwa m te janm jwenn yon bagay, pami tout evèk legliz Nikolayit la ki te fòmèl yerachi Wòm lan, pap la; pa menm yon fwa nan listwa nou te gen konesans ke okenn nan evèk sa yo te janm resisite mò, oswa nenpòt lòt bagay konsa, paske Kris (rezirèksyon an) pat lan kè yo. Yo te asosye yo e yo te separe yo pou al fè yon denominasyon, yo te vann dwa denès yo. Men Legliz Bondye vivan an te gen pwisans Kris la, lòt legliz yo te gen pakèt afè yo; vrè Legliz la te rete avèk Lespri. Èske nou konprann? Dakò.

108 Bon sa,,,Kifè Konstanten, pou l te ka soude anpir li ansanm, men sa l te fè. Li te pran Nikolayit sa yo, e li te al bò kote yo (ki te yon Kreyente pou lafòm). Èske nou konprann sa klè la? Yo te Kreyen, swadizan; pretann yo se Kreyen, san Sentespri a. O, m swete ke sa ap penetre w pou w pa janm kite l chape. Ou wè? Se te dè Kreyen, Kreyen denominasyon, san Sentespri a. Yo te dè Kreyen pa non, yo te dè Kreyen pa rasanbleman ansanm yo a, yo te konn pran kominyon, e yo te konn kenbe òdonans yo; men, yo te rejte kondwit Sentespri a. Yo pat gen siy ak pwodij pami yo, yo pretann ke bagay sa yo te choz di pase; ke yo te dwe etabli yon legliz pou yon rèy. Nou pral rive nan sa nan yon minit, kijann de rèy. Ou wè?

109 Bon, kifè apre sa Legliz ak Sentespri a bò kote pa L te oblije rete lwen de bagay sa yo. Men, nan Pègam, sa te adrese antyèman a *anj* legliz Pèman la. Ou wè? Paske se te responsabilite l kounye a pou fè sa.

110 Men Konstanten pat enterese ak zafè Kretyen, li te vle mennen zansèt payen li yo, legliz payen I lan. E Lawodise ki te pran rasin ak...ou pito Nikolayit yo ki te pran rasin epi ankre nan Wòm e ki te trè vizib, anpil nan moun yo te dè kwayan Kretyen (swadizan), pou lafòm. E vrè Legliz la te an minorite; sa te toujou konsa e sa ap toujou konsa! M jis pral tann yon minit, pou m kite sa penetre vrèman an pwofondè. Ou wè?

111 Sonje, vrè Legliz la se te toujou ti gwoup piti ke yo te pouse fè sòti kite lòt legliz yo. Vrè Legliz la pat janm te òganize, se Kò mistik Jezikri k ap viv sou tè a, Sentespri a k ap aji nan manm sa yo. Kifè ou paka òganize Kris, ou paka fè sa. Mwen vle w kenbe sa pou Laj Lawodise sa, kounye a. Epi sonje I e gade I, paske chak Pawòl mwen pwononse yo sou bann. Kounye a sonje, gade nan tèt ou: vrè Legliz Bondye a pat janm òganize.

112 Legliz Katolik se premyen òganizasyon ke mond lan te janm konnen, pat janm te gen yon òganizasyon anvan sa, e se--se "manman legliz la" jan Katolik yo di I la. Se "manman legliz la." Manman legliz òganizasyon yo. Bib la di li te sa, kifè ou paka diskite L. Kan yo di "Se manman legliz la," li se manman legliz la. Yo dekri I nan Apokalips 17, nou pral rive sou li dirèkteman. Dakò.

113 Bon, kifè Konstanten, avèk nan tèt li pou I fòtifye anpir li (menm jan Wòm te toujou fè I, pou I ka gen kle mond lan), li te oblije mennen ide payen I yo e pran ide Kretyen yo, epi pa yon fason kèlkonk konsolide yo ansanm, pou soude sa ansanm epi bati pou pwòp tèt li yon anpir ki paka an dezyèm parapò a okenn lòt. Ou wè? Akoz de sa li te...Pou sa te ka fè I pi gran dirijan dan le mond, Konstanten.

114 E parapò a konvèsyon: li te--li te yon politisyen, men li pat yon sen pou Bondye, jan kèk ladan yo ap eseye fè I parèt la. Li pat sa! Pa menm yon sèl bagay li te janm fè te sonnen tankou Kretyen pou mwen. Kifè selon legliz Nikolayit yo li te mete yon kwa; e konpare ak nenpòt lòt bagay li te janm fè ki te sanble Kretyen, mwen pat janm wè I; sof si li... nwit sa li te pentire yo sou boukliye yo tankou la paske li te fè yon rèv, Kretyen yo t ap priye pou li pou I te ka genyen batay la.

115 Bon, apre sa sa ta pral fòtifye anpir li. E alò pou fè sa, li te fè antre seremoni payen, nan legliz Kretyen Nikolayit la. M ap rele I legliz denominasyon pou lafòm ki te fòme a. Li te fè antre seremoni payen nan legliz Nikolayit sa a, e se te nesans Katolik yo.

116 Kounye a, frè, m ap site listwa. Mwen gen dè milye zanmi Katolik, e yo jis se zanmi m menm jan ak Pwotestan yo. Men Pwotestan yo paka kriye vikwa, jis ret tan jiskaske nou pase aswè a, ou wè. Ou wè? Ou pral wè ke yo te fè menm menm bagay la, menm espri sa te enfiltre drèt pami yo. E alò ou pral wè poukisa mwen toujou ap kondane bagay sa. Paske se fo! Espri

menm ki nan mwen an, si m ap eseye, yon bagay lan mwen ap kriye soti, m jis paka ret frankil konsènan sa, toujou oblije. Yo rele...

117 De gran zòm, gran lidè relijye te di m: "W ap detwi ministè w. Frè Branham, w ap fè dè bagay" yo te di, "ki--ki pa gade w. Bondye te rele w pou priye pou malad."

118 Bondye te rele m pou plis ke priye pou malad. Priye pou malad se jis yon bagay pou m atire atansyon moun yo, e se tou; malad, priye pou malad se yon bagay minè. Ou wè? *Mesaj* la se de sa n ap pale. Bagay sa yo pral retounen; malad, yon nonm, yon nonm malad ka geri epi mouri ankò. Men yon nonm ki ne de nouvo avèk Lespri Bondye gen Lavi Etènèl. Kifè pa jis ap mache geri malad konsa. Don sa jis la nan legliz pou kò lokal la; sou youn, apre sa sou lòt la, apre sa sou yon lòt, answit yon lòt. Ou wè? Sa, don yo, jis la patou nan legliz la. Men Se plis ke sa, e m espere ke ou sezi L. Dakò.

119 Nesans Katolik yo, se te pou sa, pou te atire--atansyon Kretyen yo ak payen yo tou, pou soude yo ansanm epi fè yon sèl legliz.

120 O, m swete m ta gen sa jis kounye a la, yon mòso papyè yon moun te etann anwo a la nwit pase a. Mwen ta pral prezante l, e m te bliye l; si tèlman de bagay k ap travèse pyès la toutotou la. Y ap fè menm menm bagay la kounye a la, e ou te kòmanse sa lè w te eli dènye nonm ou te eli a. Y ap travay kounye a pou yo menm wè si yo ta jwenn yon Bib ki pap blese ni Katolik yo, ni Jwif yo, ni Pwotestan yo. Yo pral fè yon Bib pou yo ki va konvenab pou yo tout. Èske w pa wè riz yon lòt Konstanten? Listwa jis ap repete ankò. Bon, ou wè, e mwen gen...nou te tande m li l yè swa, se pa vre? E mwen--mwen kite l lakay, e y ap travay sou sa depi lontan.

121 Kounye a yo di: "An 62 yo va..." E remake Pap sa Jan 22 te vini-...te mande tout ti legliz fi yo pou retounen lakay nan manman legliz la. Pa enkyete w, li va fè l. Yo va fè l! Li pral fè l, yo deja retounen. Yo pa gen pou yo retounen, yo deja la kounye a.

122 Jan mwen t ap di a: "Peyi sa a te di: 'Ebyen, si Mesye Kennedy eli, Katolik yo pral pran kontwòl la.'" Pran kontwòl? Yo te deja fè l sa fè lontan, e ou pat konn anyen sou sa. Kilès ki peye pwofesè l yo? Kijan yo fè gen bagay sa yo ki pral nan lekòl yo a, pou ap anseye doktrin Katolik drèt nan lekòl? E nou menm k ap peye tax ap peye pou sa. O, drèt anba nen w, ou wè, konsa. O, lala, ala travay li te travay! E Bib la di li va pran l avèk flatrè, e li te fè sa; ou wè, se vre; ou wè, yo pa peye tax sou anyen. Kifè, o, tèlman gen bagay ki te ka di la. M pral jis oblije koupe sou ti pwèn sa yo, pou m retounen ankò pou m etann.

123 Pou l te ka fè bagay sa mache, Konstanten te monte on pakèt distraksyon monden pou atire alafwa atansyon payen e Kretyen nan legliz. Èske w solid espiyèlman? Èske w ap

reflechi? Èske sa se pa Mesaj pou Tan an? Legliz gen jwèt bengo, fèt, ap bay machin, jis pou yo ka melanje ansanm. Ap soude pwisans sa ansanm ankò jiskaske yo jwenn yon plas konfòtab. Jis drèt la.

124 Bon, se listwa, yon moun paka pa gen--pa gen rezon pou atake l, yo jis site sa k te rive. Men li te fè sa, te soude legliz ansanm avèk amizman monden, pou mennen legliz Nikolayit la ansanm. Bon sonje, li pat ka manyen Legliz ne-de-nouvo sa. Non, mesye, pa youn ladan yo. Men legliz pou lafòm Nikolayit la te tonbe pou sa.

125 E kisa nou genyen nan legliz Pwotestan nou yo? Soupe ak soup, amizman, woule paten, (O,la la!) ap vann ranyon, ak tout lòt bagay, ou wè. Kounye a, nou konnen ke se verite. Ebyen, bon, si sa--si sa se Pawòl Bondye, zanmi, se Laverite. E tout legliz Pwotestan yo koupab! Ou wè?

126 Bon, Bondye pat janm te gen nan plan L pou--pou òganize soupe ak soup ak dans nan sousòl, epi tout konpòtman sa yo, pou peye pastè ak lòt bagay. Si yo te anseye moun yo pou peye dim yo, se t ap tou. Sa se plan Bondye. Men Bondye gen yon plan, lòm vle fè pwòp plan l, ap ibride Bondye a. Dakò.

127 Bon, lè yo te fè sa, yo te konsolide epi fè primifif...te fòme legliz Katolik primitif la, pita. Apre sa nan premye gran Konsil Nise a...Lè m te li sa, mwen te jis tonbe sou jenou m. Gran Konsil Nise a te òganize an 325 A.D., yo tout te vin ansanm, evèk ak fondatè fwa Kretyen yo yo te vin ansanm a Nise. Se poutèt rezon sa yo te rele l Konsil Nise, an 325 A.D. E te gen apeprè mil senk san delege ki te vin nan konvansyon an--an--an oswa konsil la, apeprè mil senk san delege, e moun layik yo te depase evèk yo a senk pou youn (nan delegasyon an); men poutan, atravè Nikolayit yo (sa ki frèt fòmèl yo) ak plan politik Konstanten an, yo te rejte vòt vrè Legliz la e yo te ranpòte la viktwa, pou yo te abouti a evèk ak sen òdonans lèzòm; ap retire Sentespri a--a nan reyinyon yo, pou mete l sou evèk yo, kadinal yo, pap yo, elatriye.

128 Menm zafè kwochi ke pati Demokrat la te fè nan dènye bagay sa a! Bon, se kòrèk. Kounye a, nou pa...M ta...Epi Repibliken yo ta ka tonbe ba jis menm jan. Men m ap pale de yon sèl bagay yo te pwouve (Edgar Hoover) an Kalifòni, ak anpil lòt kote: yo te gen machin pou vote sa yo ke yo te mete kote pou te ka vote pou Mesye Niksonn, ou te oblije vote pou--pou Kenedi an menm tan. Li pat gen yon chans. Ebyen, piske yo te pwouve ke sa te "fo," alò poukisa yo pat fè kichoy konsènan sa? N ap viv nan tan an, se sa, nou nan tan lafen. Yo konn sa, yo pwouve ke yo se trichè, epi yo pap fè anyen pou sa.

129 Sa se te yon ekip malonèt laba, epi men li ki te pran nesans ankò: pou mete yon nonm, ki va konsidere yon doktrin; doktrin Nikolayit, ki yon fwa te jis zèv, kounye a sa vin yon

“doktrin.” Nan jou Al Smith se te zèv, men kounye a se yon “doktrin.” En-en, en-en. Bon, li la, li rive sou nou. “O, li va fè yon prezidan byen senpatik,” pa gen dout sou sa nan lespri m; se sèten, pou pwochen manda sa, jiskaske li ka vin byen tabli, pou fè payen ak Kreyen fòmalis sa yo soude ansanm.

130 Y ap travay sou Bib, pou eseye mennen yo ansanm, pap yo, kadinal yo, achevèk Anglè a, achevèk Canterbury a, m te rankontre l, m te ba l lanmen, m te pale avè l, pèsonèlman, lè m te an Angletè; ak ba ke l pote anwo prèske jis nan tay li, e (O!) se te yon bonòm ki te abiye on tijan dwòl. Men li te pati al vizite pap la, se te premye fwa yo te vizite depi dè santèn dane. Kisa sa ye? Nou lan dènye lè a!

131 Se poutèt sa m kanpe isit la aswè a olye pou m sou yon estrad yon lòt kote ap eseye preche epi priye pou malad. E m paka rankontre yo tout sou estrad la (ak mesaj sa yo ankò e ankò), e se poutèt sa nou anrejistre L sou bann pou voye L bay mond lan, pou yo kapab avèti epi retounen ankò nan Lafwa.

132 Menm a lafen aj Kreyen an, Jid, ke w jwenn anvan Liv Apokalips la te ekri; Sen Jid, te sipoze frè (frè adoptif) Jezi, li te di: “Mwen vle ke nou konbat ak tout fòs pou Fwa ki te bay nèt ale pou sen yo.” Yo te kòmanse ap elwaye yo de li lè sa, apre lanmò Seyè Jezi. E kounye a jis ki kote sa te elwaye l aswè a? Ou wè.

133 Bon, Premye Konsil Nise sa, se te an 330...325 A.D. Anviwon mil senk san delege ak evèk te prezante nan reyinyon an, men yo te domine yo ak konsil twoub, ak tapaj ke sa te ye. E yo te domine yo, epi vote pou ke Nikolayit yo te pran kontwòl la, e se te pou pran...tout legliz yo, epi mete yo anba sipèvizyon pap ou--ou evèk, oswa yon bagay; ap retire pwisans lan soti nan legliz pou transfere bay evèk yo, ki te dwe domine legliz pou yo te sèl moun ki te gen kwakseswa pou di konsènan Sa.

134 Èske w te remake nan legliz Katolik jodi a? “Ou pakab li Bib sa, se pa responsablite w pou entèprete l. Se travay evèk la.” Ou wè ki kote sa soti? Kounye a ou ka wè vrèman kisa Nikolayit yo te ye anvan sa te kòmanse ap fè bri epi krake. Sa te pran nesans drèt la. Se vre. E se te yon fòm de Kreyente; se ankò sa!

135 Apre sa ou te vin jwenn kategori Pwotestan yo jis apre. Bib la, nan Apokalips 17, di: “Manman an ak pitit fi yo.” Nou pral rive ladan l toutalè, si Seyè a vle. Bon ou remake ke se menm bagay la jodi a, yo te pran kontwòl la. Kounye a, Konstanten te itilize estrateji Balaram lan.

136 Bon, m vle w eseye tande byen avèk tout atansyon ou kapab. Kounye a, Li di la, nan Bib la, “Kenbe fwa m Nan fèm.” Kounye a:

*...genyen kèk ti bagay kont ou, akoz ou te...ou...
akoz ou genyen la sa yo...(pa sa yo isit la, men la
a; yo genyen yo, “ou genyen yo anndan--andan
legliz Pègam lan,” ou wè)...ap kenbe doktrin
lan--doktrin Balaram lan, ki te anseye Balak pou
tann yon pyèj pou ti moun Izrayèl yo, pou yo te
manje bagay ki te sakrifye bay idòl, ak komèt
fònikasyon.*

137 Bon, Konstanten te itilize menm estrateji ak Balaram. Yo te gen yon reyinyon apre konsil sa a la kote yo te met evèk yo nan tèt legliz yo, elatriye, pou dirije l, epi pran tout pouvwa a nan men layik yo, “E yo pat gen pwòp panse pou tèt yo, yo pat gen okenn dwa pou te entèprete Lèzekriti non plis.” E tou sa se te afè prèt yo, pou yo te entèprete Lèzekriti.

138 Finalman, apre yon ti tan, yo te fabrike yon prèt *an chèf*, e yo...yon vikè, ki te pap la. Men kounye a yo te rive nan pwèn kote yo te tabli sa, “tout--tout eksplikasyon se afè prèt la, e kongregasyon an pa dwe li Bib la, yo pa gen pou yo fè anyen;” e, franchman, yo...yo te retire Bib la lan men yo. E kounye a yo--yo te pran tout bagay sou zèpòl pa yo e sa te vote pou nou paske sa te parèt byen.

139 Sa te parèt byen paske yo te rich, elatriye, epi li te bay...Nan gran reyinyon sa, lè l te rele yo tout ansanm, Konstanten te bay evèk yo bèl kay; li te met men sou on pati lajan an ak--ak tout gwo plas sa yo...tankou bilding, li te remèt yo bay legliz, pou yo te ka itilize yo kòm--kòm legliz. O, se te bèl bilding, byen fikse, elatriye, kifè li te bay legliz yo.

140 Apa sa, li te abiye evèk sa yo avèk gwo bèl wòb, ak souvètman epi lòt bagay pa anba. E apa sa, li te mete yo...oswa li te bati yon plas byen wo tankou sa a, e li te mete yo anwo la tankou yon idòl. Epi anba yo li te fè otèl an mab, anba yo. E li te fè tout konvèti sa yo, soti nan ide payen an, pou vin, mennen Kreyente ladan l avèk evèk li te pran yo. Ou wè, li te fè yon otèl, menm bagay la, epi fè de li yon dye. Li te plase evèk, ki te dwe deside de tout bagay, li te byen abiye l pou te fè l sanble ak yon dye. Olye l te mete l tankou dye payen yo, yo te fè l mete yon wòb menm jan ak Jezi. Ou wè? E yo te fè l jis sanble a yon idòl ki te chita la.

141 O, ou ka imajine w jan payen yo te di: “Ebyen, mwen ka sipòte sa, gen yon moun ki ka reponn nou. Nou te konn ap pale ak yon imaj, men nonm sa ka pale avèk nou.”

142 Ala Kreyen yo te panse, “Ebyen, sa jis byen. Kounye a nou ka fè tout sa nou vle paske men dye nou an. Nou jis ka...Nou ka pale avè l, li ka reponn nou sou sa nou dwe fè. Si nou peche, nou ka di l sa, ba l yon ti kichoy, ak yon ti...fè on ti nevèn oswa yon bagay; epi premye bagay ou konnen, nou tout kòrèk, epi retounen deyò a pou w santi w lib ankò. Ou pa gen pou w enkyete w o sijè de anyen.”

143 “O, sa te sanble l byen.” Sèten! Li toujou sa pou panse chanèl la, men ou pap janm ka fè yon pitit Bondye ki ne-de-nouvo vale sa. Yo pat janm reyisi fè sa. Paske li konnen nan Kimoun li te kwè e li konvenki ke Li ka gade sa ki angaje a Limenm fas a tan sa. Ap bliye bagay ki te pase yo, n ap vanse prese prese nan direksyon apèl siprèm lan nan Kris. Amèn! O, se pa tikras rekonesans mwen genyen!

144 Otèl an mab anba pye l, chita anwo a la, byen abiye, yon bèl legliz. O, lala ! yo te byen plase. Dakò. E otèl sa te byen dekore, otèl an mab sa, bèl bagay. Ou ta dwe wè yo ankò, menm bagay la. Bèl dekorasyon ak lò, plake ak bijou, ou jwenn sa sou otèl sa. Bèl bagay! Sa te trè konvenab pou Nikolayit ak payen yo. Ou wè sa l te fè? Li te pran seremoni payen yo, ide payen yo; e pi li te pran Kreyente a, sa k frèt fòmalis la ki pat konn mye, ki pat gen Sentespri a pou kondwi yo on lòt jan; e l te fabrike pou yo yon dye la sou tè a, epi yon otèl pou yo, ak yon dye ki tabli la pou padonnen peche yo. Èske w espiryèl ase? Èske w konprann sa m vle di a? Wè de ki prevyen? Yon padon pou peche-pase sou tè a.

145 Mwen pap di sa ak pwòp panse m, se listwa. M ap ba w nimewo paj referans istwa sakre a, jis menm jan m ka di w ke George Washigtom, ak Abraham Lincoln, epi Gettysburg la, elatriye. Sèten, tout bagay sa yo se listwa ke m ap site la.

146 Bon, apre sa te tonbe jis pou...pa pou Legliz ne-de-nouvo sa a. Non, mesye! Ebyen, lè yo te mete yon nonm anwo la, pou l te ka a la tèt evèk yo, pou resite seremoni, natirèlman sa te fè mouvman Levanjil Konplè a soti ladan l. Se sa ankò jodi a. Aj sa yo jis travèse, jis anpile youn sou lòt, ou wè; yon lòt epòk, li pran yon lòt fòm. O, lè yo te mete yon diyitè anwo a la tankou yon dye, e l te gen pou repete kèk seremoni.

147 E remake ke payen yo te konn envoke zansèt yo ki mouri. Epi yon legliz Pwotestan ki ta leve pou di; “Mwen kwè nan Sent Legliz Katolik Women an nan kominyon sen yo.” Nou menm Metodis kache figi nou, Prezbiteryen, ak Literyen. Nenpòt sa ki ap entèsede avèk mò se espiritis! Sèten. Men, kounye a, Pwotestan yo pakab ap ri Katolik yo, yo te fè menm bagay la, yo te pran konfesyon-ki-sifi-an-antye-a, ke yo kwè menm bagay la; yo te retounen batize ankò nan legliz Katolik ak batèm dlo li a, ap rejte epi moke moun k ap eseye viv kòrèk; ale legliz pou wè moun ap rele anba pwisans Bondye, epi ri de sa. Tou sa.

148 Ou wè, espri pa mouri; moun mouri, men pa espri. Ou wè? Sentespri a, paka mouri. Li te sou Jezi, kounye a Li nan Legliz Li; Li va toujou la jiskaske Li vini *pou* Legliz Li, paske L se yon pati de Li. Ou wè? Menm si pèsekite, yo--yo te moke yo laba nan jou sa, y ap viv isit la ankò jodi a. Bondye reprann nonm Li an men pa Lespri pa L sou tè a. Dyab la reprann nonm Li an men jamè espri l soti sou tè a.

149 Prèt sa yo ki te apiye lanmò Jezi, e ki te di Li se yon “moun k ap predi laveni” oswa yon “demon,” mesye sa yo te relijye, menm jan tout bagay relijye te ka ye. Se vre. Yo te konn sa a la lèt, men yo pat konnen vrè entèpretasyon an. Yo te gen pwòp ide yo, e yo pat vle tandè okenn lòt. E apre sa yo te wè L epi konnen...Kijan yo te fè manke wè ke Jezi pat kalifye pou tout bagay ke chak pwofèt yo te janm di konsènan Li? Men yo te avèg. E Bondye di Li te avegle jye yo nan yon bi, pou nou te ka gen yon chans sove.

150 Bon la te predi ankò ke Li va...ke nou lan Aj Pannkotis sa, ki “toutouni, mizerab, avèg, epi yo pa konn sa.” Men kondisyon legliz, Filadèlfi. O, nou menm Batis, Prezbiteryen ak Pannkotis fòmalis! Ou wè, Men ni. Pafwa mwen pa di sa pou ou menm ki chita la; m ap anrejistre, ou wè. e m konnen kote sa prale. Ou wè? Repanti! Retounen pran Bib la! Retounen jwenn Kris!

151 Dakò, men se sa k te rive, yo te pouse mouvman Levanjil Antye a mete l deyò. Siy ak pwodij nan legliz te disparèt, e kan gwoup ki gen Sentespri a te ekskominye pami lòt yo, sètalo yo te nye ke te gen yon jou konsa. E se te nan sa...E y ap fè menm bagay la jodi a! Se sa egzaktaman. Èske w pa ka wè espri a? Tankou m te di w la; nan kòmansman an, abiye akpanse espiyèl ou, kite Bondye louvri kè w. Piga w gen prejije, chita epi tandè; di: “Sentespri, revele m. Mwen wè l, men ni.”

152 Seremoni. Ki kote? Batis, Prezbiteryen, menm Pannkotis, sa jis vin yon seremoni relijye. Sèl bagay y ap fè se ap jwe pyano, kèk bagay oswa yon lòt, sote ponpe pandan yon ti tan; e menm kote pyano a rete a: Blou! Al deyò, triche, vòlè, manti, tout lòt bagay. Men vrè...E avèk ase kolerik pou ap batay pou anyen, ap pale de tout moun e de tout bagay. Ou wè? Men ni. Se pa sèlman Metodis, Batis, Prezbiteryen, Katolik, legliz Pannkotis nan Laj Lawodise isi a la.

153 O, poukisa w pa retounen nan sa ke pè-fondatè yo te genyen an? Poukisa nou pa retounen nan vrè pannkot ki sanktifye e ranpli ak Sentespri a, ki mennen Kris bannou? Se sa ke nou bezwen. Dakò. Bon, se menm bagay la jodi a!

154 Kounye a, mo *Pègam* lan vle di “marye.” Mo *Pègam* lan menm vle di “marye.” Kreyente (sètadi selon Nikolayit yo, kote fòmalis la) marye avèk leta, avèk seremoni payen. Seremoni payen! E se te nesans legliz Katolik nan jou sa.

155 Bon, nenpòt moun konnen ke legliz Katolik te vin a legzistans nan Konsil Nise. Anvan sa, yo te rele l yon “Nikolayit” pa Bondye; sa ki vle di *Niko--Niko*, “konkeri,” venk oswa ranvèse layik yo. E lè yo te fè sa, yo pat vle Lespri pami pèp la; ak *pastè*, ki vle di “bèje,” pou kite Sentespri a...

156 Ou di: “Enben, èske prèt la pakab yon bèje?” Ak ki kalite manje l ap nourri w? Èske w gen menm rezilta yo te genyen an, Jou Pannkot la? Sèten ke se non! “Je vou sali Mari,” ki moun ki te wè sa jou Pannkot la? Nevèn, tout aspèsyon sa yo, vide dlo sou tèt, ap itilize yon Dye an twa pèsòn (“Pè, Fis, Sentespri”), ki kote w te janm jwenn sa jou Pannkot la? Jezi te di: “Ke tout popilasyon Izrayèl la konnen avèk asirans, Bondye te deklare menm Jezi sa, ke nou te krisifye a, Seyè e Kris alafwa.” Se jis. Ki kote nou jwenn bagay sa yo? Se yon Nikolayit pou kòmanse, ki te vin transfòm an Katolik.

157 Bon ou di: “Ebyen, mwen kontan sèten ke m pa pami yo.” Bon pa jis twò si. Ou wè? Kounye a sonje: Kreyente, Nikolayit. Bon èske w sezi istwa a? Tande byen anvan nou al pi lwen. Mwen vle w sezi l menm si nou ret isi a jiska minwi. Kifè, en-en...kifè...paske, frè, se nanm ou! Ou ka di: “Ebyen, m fè pati de...” Se pa--se pa Sa. Si w pa gen Sentespri a, frè, pe nenpòt kantite legliz ou fè pati de yo, ou pèdi. Si w pa ne-de-nouvo ak Lespri Bondye, pa batèm Sentespri a, ou pèdi; paske ou pa gen Lavi Etènèl, e Lavi Etènèl se sèl bagay ke Bondye va resisite, paske Se sèl vi ki va rete.

158 Si yon grenn mayi...jan m te site l la, nan Agricultural Hour. Konbyen moun ki sonje vye frè m Frè Spurgeon, predikatè Metodis anwo la nan Henryville? Yon bon vye pèsonaj. Nou te chita nan fontèn krèm glase a, lakay Red Furnish, yon jou, ap manje krèm glase; e nou t ap pale de yon reyinyon ke m te genyen anwo a la, e Agricultural Hour te an ond. E Red te gen ti-ti o palè a ki t ap mache, o palè...o palè radio ki te tabli deyò laba. E yo t ap pale kèkpa...natirèlman mesaj la te soti Louisville. Men Klib 4-H la te gen--te gen yon machin ki te ka chanje yon grenn mayi pou yo te ka mete kalsyòm, ak petwòl, ak tout bagay nan mayi a, pou fè l jis sanble egzakteman tankou l te soti nan...

159 4-H te genyen l, lasyans te pèfeksyone l pou ke mayi a te ka sanble tèlman reyèl ke ou te ka pran yon ponyen sot nan sak ki pouse nan chan an, yon ponyen nan sak ki fèt ak machin lan, e sila a (ke machin lan fabrike a) va fè menm flokon mayi, pen mayi. E, an reyalyte ou te ka pran yo mennen yo nan laboratwa, koupe yo, grenn yo, e ou patap ka fè diferans lan. Yo te gen menm kantite petwòl, menm--menm kantite kalsyòm, ak--ak imidite; ak tout bagay ki konpoze yon grenn, li te nan lòt la.

160 Li te di: “Sèl fason definitiv pou w te konnen sa ki te soti nan chan an, e sa ki te fabrike ak machin lan: antere toude ponyen yo. Epi toude te pouri, e sa ki te fabrike ak machin lan patka

retounen ankò; men sa ke Bondye te fè pou a, te viv ankò.” Poukisa? Paske li pat ansemanse.

161 Epi ou kapab sanble yon Kreyen, aji tankou yon Kreyen, epi fè tout zèw ke w kapab, e viv fidèl a legliz ou; men si w pa ansemanse ak Sentepri a, Lavi Bondye, Lavi Etènèl ki vin nan ou a; pa ak konfèsyon, men ak don Sentepri. Kijan w genyen L? Doktè ki te ekri preskripsyon an, Jou Pannkot la, te di: “Repanti, epi batize nou tout lan Non Jezikri, e nou va resevwa don Sentepri a.” Don Sentepri a, ki se Lavi Etènèl.. Se sèl bagay Bondye va resisite. Se sèl bagay ki gen Lavi Li ka resisite. Ou wè? Se sèl bagay ki ka pati ale. M espere ke sa klè. Ke Bondye akòde ke sa vin klè.

162 Kounye a, Nikolayit yo apre sa te gen pati fòmèl la, e yo te marye ak legliz payen an; t ap fè antre otèl payen, t ap bati otèl Kreyen; te mennen yon dye payen, ke yo te fè pale reponn, sou fòm yon evèk. Tabli la, byen abiye epi fè l sanble ak yon dye. Ou wè? Se pa sa an aparans la, se sa ki anndan an. De grenn mayi sa yo te sanble menm bagay; se pat sa ki te a leksteryè a, se te sa ki te a lenteriyè a. Ou wè, enteryè a, Lavi. Ebyen, sa te fèt la, e se te plas nesans ansyen legliz Katolik, ki te manman tout legliz denominasyon.

163 Bon ou di: “Ebyen, mwen...Frè Branham, konsa toutotan m pa Katolik.”

164 Bon, jis yon minit, ann rete la jis yon segond, an pasan. Annou--ann ale kounye a nan Apokalips, chapit 17, jis yon minit. Jis drèt ladann. Bon, sa a se revelasyon kiyès? Jezikri, pou Legliz Li. M ap li, tandè byen:

E youn nan sèt anj ki te gen sèt koup yo te vini, e l

te pale avè m, pou di m... Vin isit; mwen pral

montre... w jijman grann pwostitiye ki chita sou

anpil dlo a;

165 Bon, pou m ka gen yon temwen, konbyen moun ki konnen ke yon *fanm* nan Bib la, chak fwa sa te vini sou fòm senbolik, vle di “legliz”? Dakò. Konbyen moun ki konnen ke grann “pwostitiye a,” drèt la nan menm chapit la, se “lavil ki chita sou sèt kolin lan”? Dakò.

166 E kounye a konbyen moun ki konnen Bib la di ke “dlo”? Li chita sou “anpil dlo”; pa *yon dlo*, men “dlo yo.” E *dlo* vle di “pèp.” Enben, al nan chapit 15 lan, ou ka wè la, ou wè, vèsè 15 lan, ou wè:

E li te di m, Dlo ke w wè yo, kote pwostitiye a chita

a, se Pèp,... militid,... nasyon, ak lang. (Ou wè? Ou wè?)

167 Bon, fanm sa a te yon apostat. Èske se pa vre? Bon sa se ansèyman, kifè ou dwe kite pwòp konsyans ou dèyè w kounye a. Ou wè? Poukisa yo te rele fanm fòl sa “pwostitiye”? Se yon fanm ki pa fidèl a ve maryaj li. Bon legliz, legliz Katolik, pretann li se Lepouz Madanm Kris. Chè sè yo menm koupe cheve yo, e yo pa gen okenn santiman, “tout afeksyon yo pou Kris.” Èske se vre? Sèten. Osinon nenpòt moun...

168 Mwen sot nan liye Katolik, ou wè. Mwen gen liv yo a *Reyalite Sou Fwa Nou*, ak lòt liv pa yo; epi pa Pwotestan w yo, ak Batis epi kèlkeswa sa w kwè a; yo la nan biwo m. Kifè, mwen te etidye yo pou ke si nenpòt moun ta di yon bagay. “M pare!” Mwen ka konfwonte w drèt ak pwòp pawòl ou. Ou wè? Kifè, lè a rive pou Sa soti.

169 Bon, premye bagay la, Bondye te oblije aji atravè nasyon an, pou montre siy, pwodij, ak mirak, pou moun yo te ka konnen. Brebi Bondye a konnen vwa L, yo konnen, yo konnenn egzakteman. Ou dwe jwenn dabò...Ou soti san w pa konnen, alò ou jis...Kisa w fè? Ou koze plis tò ke jamè. Kite l...kite Bondye okipe l de sa. Ou wè?

170 “Mwen pral montre jijman grann pwostitiye a.” Kounye a, si se sa l te ye, alò li te yon fanm ki te pretann yon bagay ke...Li t ap komèt adiltè! Èske se vre? Ebyen, alò, si se te yon legliz, li t ap komèt adiltè kont Bondye. Èske se vre ? Alò adiltè, ta dwe fònikasyon, fònikasyon espiryèl: li t ap anseye moun yo on bagay ki pat Pawòl Bondye a. Èske se vre? Li t ap anseye yon bagay ki pat vre. Sa se Nikolayit yo. Ou wè l k ap vini la? Ta pral okipe l ap mete pap, ak prèt, epi mete Sentespri a deyò, “Tan mirak yo pase”; e Bib la di: “Jezikri se menm lan ayè e pou tout tan.” Bib la di: “Repanti, e batize nou chak lan Non Jezikri pou padon peche nou”; li menm li di: “Pè, Fis, e Sentespri,” aspèje, vide dlo arebò. O la la! Ou wè?

171 Dakò, siveye sa fanm sa a t ap fè:

...avèk li wa sou tè yo te komèt fònikasyon, e moun

ki abite sou...tè yo te soule yo ak diven fònikasyon l

lan.

172 “Sou!” Ap touye w, ap voye mouri, desann ou, oswa nenpòt lòt bagay, frè. Yo konplètman sou de bagay sa. Ou wè?

173 “Diven.” Se sa l t ap distribye, ou wè, diven fònikasyon l lan. “Kite m di w yon bagay! Manman m te Katolik, e m pral...” Dakò

174 Bon ou va di: "Sa tèrib." Bon jis tann yon minit, Pwotestan. En! (M ap pale a sa yo k ap tandè bann yo, ou wè.)

Konsa li te transpòte m an espri nan dezè a: e

mwen te wè--mwen te wè yon fanm ki te chita sou

yon bèt ak koulè ekalat,...

175 Bon, kisa mo ekalat la senbolize? Li senbolize "Wayote." Ki vle di... Ou pito, vle di "wayal, lwayal wayal," ou wè, tankou wa ak bagay konsa.

...plen ak non blasfèm, avèk sèt tèt e dis kòn.

176 Kounye a, sèt tèt yo se sèt "montay" kote vil la bati sou yo. E fanm sa se vil la, nou konn sa.

E fanm lan te abiye an mov...

177 "Fanm lan." Bèt la te koulè ekalat, men fanm lan te abiye an *mov*. Bon, èske m pat avèti nou lòt jou, ke genyen twa rido? Mwen pa konn jiska kilè m ka viv, men sonje sa. Jan m te di nou sa fè anpil lane pase, 'siveye Larisi.'" Genyen twa rido, sonje sa. Gen rido fè. Gen rido banbou (Lachin Wouj eksentèra). E gen rido *mov* la, siveye rido *sa*, *sa* se li k ap twonpe a. Si tèlman...

Fanm lan te abiye an mov...koulè ekalat, ...dekore

ak lò...pyè presye ak pèl, ... (Sonje m te pale la sou

sa premye otèl la te ye avèk Nikolayit yo? Ou wè?

Fanm lan ki se "legliz.")...te gen yon koup annò nan

men l... (Nou sonje? Lò ki te dekore otèl la; koup, li

t ap bay moun yo.)...plen ak abominasyon bagay

souye fònikasyon l yo:

178 Se sa li t ap bay moun yo; yo te vale sa. Sèten. Sou nèt ak sa! Jis tou sou! Tout bann llandè, Fransè, elatriye, t ap tranche gòj ou si w te di yon bagay kont legliz sa. Sèten, yo t ap fè l. Ou wè?

Epi sou fwon l te gen yon non ki te ekri, MISTÈ,

BABILÒN...

179 Bon, ki kote Babilòn te deplase ale? De Babilòn a Pègam, pou te vin...Satan te chanje plas twòn li. O, m ta renmen kapab ale atravè tout Apokalips la, pou w te ka sezi l.

BABYLÒN GWO ZAFÈ A, MANMAN PWOSTITIYE

YO...YON MANMAN PWOSTITIYE EPI

ABONINASYON TOUT LATÈ.

180 Kisa l te ye? Yon manman pwostitiye. Sa yo pat pitit gason. Èske se vre?

181 /Espas vid sou kasèt la--Editè a/...legliz yo. Wi, mesye. Li te di: "Èske yo pa rele legliz 'Babilòn', nan Bib la?" Ou wè, nan pwòp liv yo. Dakò.

182 Bon, si li te yon pwostitiye, yon fanm de movèz vi, e li te yon manman pwostitiye, li te oblije gen pitit fi. E si yo te pitit fi, yo te tifi, yo te legliz. Kounye a ki kote legliz Pwotestan soti? Èske se vre? Ki diferans ant yon--yon fanm de movèz vi e yon pwostitiye? Menm bagay la.

183 Martin Luther te soti, pou l te koupe kontak, pou l te bay vrè Legliz la yon chans; Wesle; jiska Pannkot; e yo chak te retounen drèt nan ide òganizasyon Nikolayit sa, avèk sirentandan jeneral, ak tout lòt bagay, pou retounen al tou dwat nan menm batèm ke yo te batize a, menm fòm lan, menm seremoni yo, anpil nan yo ak katechis epi '*je vou sali Mari.*' Pa *Je vou sali Mari* yo, men...kisa sa ye ki apeprè menm bagay la? Zafè *kredo Apot yo*, montre m Kredo Apot yo nan Bib la, frè. Si--si yo te gen yon kredo, se te Ak 2:38, se sa yo te kòmande tout moun pou yo te fè. Ki kote ou te janm tande yon apot te fè yon kredo, pou ap di: "Mwen kwè nan Sent Egliz Katolik Women. Mwen kwè nan kominyon sen yo"?

184 Lè...Pyè, sila ki te gen kle a, te di: "Pa gen okenn lòt medyatè ant Bondye e lèzòm, ke Kris Jezi."

185 Men gade legliz pwotestan yo. Kisa yo te fè? Yo pat ka satisfè. Chak nan yo ki te soti, yo te soti ak yon Benediksyon Pannkotis. Se egzakteman vre. Menm Martin Luther te pale an lang. Se egzakteman vre. Te ekskize tèt li, ap di: "Bondye, pawòl tèrib sa yo ke m ap rabache yo, e m pa menm konn sa m ap di a." Ou wè? Sèten, li te kwè nan Sa. Sètènman, li te kwè.

186 Bon, atravè lè z aj yo te gen--te gen Lespri, men yo te toujou elwaye yo pou fè òganizasyon apre ke premye fondatè yo te pati. Si w te ka kite legliz Literyen kontinye, e pa òganize yo, yo t ap vin Pannkotis. Kisa Legliz Pannkotis ye? Mwen vle di vrè pannkotis la. Pa denominasyon an, kounye a, se jis tankou "chodyè ak Kastwòl" ankò. Ou wè? Men yo te fè menm bagay la, e sa te mennen yo tounen menm kote ak Nikolayit yo jis tankou yo te fè l o

kòmansman. Konbyen moun ki wè sa? di “Amèn.” /Kongregasyon an di: “Amèn!”--Editè a/ Se byen. Bon, se jis pou m ka gen pawòl ke ou...

187 Ou wè, on manman “pwostitye.” Si yo te pwostitye, kijan yo te vin pwostitye? Nan komèt fònikasyon kont Pawòl Bondye a. Si Pawòl Bondye a te di: “Repanti epi batize nan Non Jezikri,” epi tout moun anndan la a te batize nan Non Jezi, epi apres a ou pran “Papa, Pitit, ak Sentespri.” Sa se pwostitasyon! Èske se vre? E si batèm Bib la se pa plonje anba dlo (*baptizo*, ki soti nan mo Grèk la), apres a kijan w fè pran voye gout dlo oswa vide dlo? Ki kote sa ap mennen? Si w pran bay lanmen, oswa w pran on ti biswit sèk fen mete nan bouch ou epi w vale l, oswa yon lòt bagay kon sa, nan plas Sentespri a, epi Sentespri a te sot nan Syèl tankou on gwo van pisan ki soufle epi te ranpli moun yo, epi te fè yo pale an lang, epi rele, epi aji tankou on moun ki sou, epi w ranplase l pa bay lanmen, oswa mete lèt ou n on legliz, oswa yon bagay kon sa, kijan w ap janm fè soti sou chimen komèt fònikasyon espiyèl la?

188 Kounye a, jis poze tèt nou kesyon sa a. Souke lespri nou, louvri kè nou epi pou n onèt, frè. Nou nan fen wout la. Reyiyon sa yo pa jis fèt isi a pou granmesi, yo òdone pa Bondye. M kwè nan sa sèten jis menm jan mwen...nou kwè m se sèvitè Bondye. M di sa nan Non Jezi, ke Bondye te mete sou kè m pou m vin isi a. M pa pran yon grenn kòb pou m fè sa. Mwen-mwen-mwen-mwen-mwen te ka deyò a isi a ap priye pou malad yo on kote, oswa yon bagay kon sa. Oswa m te ka deyò a lòtbò a ap fè lapèch, epi ap touche lajan m jis menm jan an, m g on kòb m ap touche nan legliz la. Men Bondye mete Sa sou kè m; m pat ka rale kò m sou Li, jis te ret ap kriye ban mwen pou Li, e m ap fè tout sa m kapab. M isi a nan Non Seyè a, ap fè tout sa m konn kijan pou m fè. Pa kite L pase al kite w.

189 Bon, Pwotestan, èske w wè sa m vle di pa legliz Katolik ak Pwotestan? Jis...Youn jis menm bagay ak lòt la. Se egzakteman sa.

190 Kounye a, vle di marye, *Pègam* vle di “marye.”

191 Kounye a ann pran...Li te di: “Ou gen sila yo nan mitan w ki gen doktrin Balaam lan.” Ann jis pran sa.

192 Èske n gen tan? M ap jis fè vit jan m kapab. Oswa èske n ta pito jis ret tann epi wè si n ka retounen nan maten? Konbyen moun ki jis pito nou pouse pou pi devan, jis pou on ti moman ankò? Ann...Trè byen, bon mwen-mwen konnen fè cho anndan la a. E si n chita trankil epi n cho, sa n panse pou anwo isi a? Ou wè? Men o la la, n ap eseye ale lwen plas sa a kote *ki cho* a. Ou wè, sa-se sa l ye, paske, nou Etènèl.

193 Bon, kounye a byensi lè yo ranje on legliz kon sa, kisa k te pase? Kounye a tandè byen, pitit mwen yo. Kisa k te pase? Poukisa, byensi, sa te retire Sentespri a dwat nan legliz

la. Pa sezi okenn nan evèk yo pat resisite mò oswa fè mirak. Epi sila yo k ap pale de kèk nan sen yo ki te nan legliz yo! Yo pale kont bagay la, men yo pretann yo genyen yo!

194 Gade Jàn Dak, jenn fi sa a. M mande nou moun Katolik yo, oswa noumenm Pwotestan, nenpòt nan nou. Jàn Dak, nan jou pa l, pat g anyen la a an Frans, ke legliz Katolik ki te toufe sen yo. Men Bondye te deplase al sou fi sa a epi l gen Sentespri a. E kisa l te fè? Li te ka di bagay yo davans, Seyè a t ap ba l vizyon epi di l davans. Li te priye pou malad yo. Li te priye pou yon ti bebe k te mouri, epi l tounen vivan ankò. Sa se pannkotis. Ou wè? Epi kisa legliz Katolik la te fè l paske l te denonse legliz Katolik la? Yo te rele l n on jijman, epi yo te boule l sou on poto bwa kòm “sòsyè.”

195 Epi kounye a w di: “*Sen Jàn Dak.*” Desan zan apre, apeprè, lè legliz la te dekouvri sa yo te fè a, ke l t on Sen, o, byensi, yo te repanti pou sa; yo te detere kò prèt sa yo ki te bay sanksyon pou lanmò l, epi yo te voye yo nan larivyè a. Ou panse sa ap janm lave san an soti nan men l? Bib la te di: “Yo te jwenn san tout mati nan li.” Se sa Zanj Seyè a te di yo te jwenn nan Babilòn: “Chak asasen, oswa yon mati, e tout sen Kris yo ki te janm matirize, yo te jwenn yo isi a menm soti nan Laj Nikolayit la nèt ale, chak mati.” Panse a sa. (Mèsi, Frè Ben.) Kounye a, panse a sa.

196 Bon, jis on ti kal pi lwen kounye a. Legliz Kretyen an te marye ak-ak...ak Babilòn. Pègam vle di “maryaj.”

197 Kounye a: “Doktrin Balaam lan. Ou genyen yo nan mitan w ki gen doktrin Balaam lan.”

198 O, m jis renmen bagay sa yo. O, si n te ka jis rete on ti kal pi lontan sou youn, ou wè, men nou jis...Nou vle kite nou wè l epi apres a pase a on lòt bagay, paske li jis-jis plen pepit lò. M s on pwospektè; m renmen desann epi detere pepit lò sa yo epi klere yo, epi poli yo kon sa, epi gade yo. Epi chak grenn nan yo ap bay reflè Jezikri! Chak grenn nan yo, ou wè. Chak grenn nan yo bay reflè Jezikri. Li se Alfa a ak Omega a, chak-chak kara lò nan pepit la. Se vre. Li se chak pati nan sa. Se pou rezon sa a Li se Divinite ki fèt chè nan mitan nou.

199 Kounye a, pou n pran...M-m pap pran tan pou sa, paske m gen...M wè li nevè. E m-m g on lòt bagay m vle rantre ladann aswè a, si Bondye vle. E m vle nou jis ekri sa epi pou n li l demen, epi pou n ekri Nonb 22 rive 25. M vle nou li sa kounye a, epi nou swiv dèyè m. E kounye-e kounye a Nonb 22 rive 25.

200 Nou konnen ke Izrayl-Izrayèl te pèp chwazi Bondye. Èske se vre? Yo te...Yo te Pannkotis. Yo te gen Lesri a nan mitan yo. Nou sonje mesaj yè swa a? Kòman Moyiz lè l te travèse Lamè Wouj la, oswa Lamè Mòt la, epi l te jwenn dèyè l nan Lamè Wouj la, de san an, ki reprezante san an...tout mèt travay yo ki te janm bat limenm ak tout pitit Izrayèl yo. Moyiz

te leve men I epi I te chante nan Lespri a. O, chak nan nou ka vin on Moyiz lè n gade dèyè nan San wouj Seyè Jezi a epi wè chak ansyen moun sou, chak ansyen boutèy, chak ansyen fanm vilgè, chak ansyen bagay sal nou te janm fè nan lavi nou, tout mouri nan San Seyè Jezi a. Fè nou chante nan Lespri a! Sigarèt, taba, ak move abitud, ak tout lòt bagay, mouri, nan San Seyè Jezi; alò n ka leve men nou epi chante nan Lespri a. Ou wè?

201 Gade kisa Miriam te fè, pwofetès la. Kounye a, sonje, li t on pwofetès. Li te pran tanbou a epi I kòmanse bat tanbou a epi danse nan Lespri a, epi pitit fi Izrayèl yo te swiv li sou rivaj la, ap bat tanbou sa yo, epi danse nan Lespria a. Vrè Pannkotis!

202 Epi si n remake lè yo t al jwenn Moab. Kounye a n ap retounen...Nou nan Lekriti a, kounye a, “doktrin Balaam la.” E Moab-Moab se te frè Izrayèl. Konbyen moun ki konnen kote Moab soti? Trè byen. Moab se sa m ta rele ibrid la, paske Moab te kòmanse nan pitit fi Lòt yo. Lòt te f on bebe pou pwòp pitit fi I, te gen de timoun yo. E Moab te youn nan yo, epi I te fòm nasyon Moab la, tribi a. Epi, an reyalite, Lòt te yon neve Abraham, ki an reyalite te retounen nan menm liyen sa a. Nou konn sa. Kounye a m vle n remake yo pat payen, tankou kèk nan pyès teyat nou yo sa pa fè lontan te ban nou pou...Sonje, yo te kwayan. Kounye a, lè Izrayèl vin isi a sou wout yo pou latè pwomiz, ap fè wout yo dwat nan liy devwa yo, epi men Moab te kanpe nan chimen an menm. Yo te voye mesaje bay Moab, e yo te di: “Kite n pase sou tè w la. Nou se frè w.”

203 Kounye a, Moab te reprezante Nikoayit yo. Kounye a n ap wè jis nan on minit. Izrayèl te reprezante vrè Legliz la. E Balaam te youn nan evèk yo, pap yo. Gade pou wè kounye a; Kretyèn te chanèl la. Kounye a n ap remake ke I te gen don, pa gen dout sou sa. Anpil nan yo konn pale byen, doktè filozofi, epi-epi gwo moun. Ou pa ka renye sa. Men: “Gen yon fòm moun Bondye, men renye Pwisans ki gen ladann.”

204 Retounen nan Pannkot orijinal sa a! Pa al lwen la. Si lè w fè I, ou pèdi. Ret ak benediksyon sa a. Se Sa, Sila ki Beni benediksyon an.

205 Kounye a, remake pandan yo t ap vwayaje. Y al jwenn legliz ibrid fòmèl sa a, epi yo te di: “N ap pase nan yon revèy. Nou pral nan latè pwomiz la. Èske w ka pèmèt nou pase la? Si twoupo nou niche nenpòt zèb, si yo bwè nenpòt dlo, n ap peye w pou sa.”

206 Apresa kisa I te...? Wa Balak la, li te vin tou eksite, epi I pat vle reyinyon kon sa nan legliz li oswa sou tè I. Alò kisa I te fè? Li te voye chache pap la, oswa evèk la, Balaam, yon pwofèt ki travay pou lajan, youn ki te renmen lajan plis pase I te renmen Bondye. Epi Wa Balac te di I: “Si w va soti la a epi w modi pèp sa a, m ap fè w vin yon gwo moun.” Epi Bondye te pale ak Balak. E m mande m si sa ta rive si-...M vle di Balaam. M mande konbyen Balaam ki

nan mond sa a aswè a? Minis Metodis, minis Batis, prèt Katolik, (Mizèrikòd!) ki konnen ke Bondye...si n li menm istwa sa a epi menm Liv ke m li a. "Balaam!"

207 Kounye a, remake. Apresa I te di: "Desann epi modi pèp la."

Epi Balaam te di: "M ap mande Bondye."

Bondye te di: "Piga w ale!"

208 Men nan demen maten, I te di...li t ale epi I te di prèt la, oswa wa a-a.

Epi I retounen, li di: "O, m ap-m ap fè w vin on gwo moun."

Alò Balaam te kontinye; Bondye te di: "Alò ale non, kontinye."

209 Ou wè, si w pap swiv Laverite...Ou panse, Nokolayit yo, ke paske Bondye ap fè pou ou sa w ap fè kon sa...Gen Verite orijanal! Ou sèlman ap pran volonte Bondye pèmèt. Ou di: "Bondye ban nou Sentespri a," oswa "Li beni nou, e nou batize nan non Papa, Pitit, ak Sentespri." Noumenm Balaamit! Ou wè, doktrin Balaam. Bondye te pale I, apre I te sitèlman awogan, Li te jis kite I ale, pann pwòp tèt li. Nou dwe retounen nan Laverite, Verite fondasyon an. Retounen nan Bib la. "O, ebyen, Li te beni nou! E ba-..." O, m konn sa. Li te pale Balaam, te di: "Ou mèt ale. Si w vle ale, Si se...Ou kondane pou al nan direksyon sa a, epi w vle pran wout òganizasyon an; pran I, kontinye."

210 Apresa Balaam te kòmanse, epi sote sou milèt li, oswa, pa milèt li, bourik li, li te desann la a. Epi premye bagay, ou konnen, Zanj Seyè a te kanpe sou chimen an. Epi, ou konnen, pwofèt sa a, pap sa a, evèk, kadinal, kèlkeswa sa I te ye a, te sitèlman avèg a bagay espiritiyèl yo, panse ke I ta pral pran pwomosyon, paske I te viv nan Larivyè Efrat. M imajine I te panse se te kèk eritaj, tankou: "Sou Wòch sa a M ap bati legliz Mwen,' Pyè," oswa sou kèk wòch ki te Wòm, oswa yon bagay. Men lè I te rive nan kote a, men Zanj lan te kanpe la a ak yon nepe ki brandi, epi I te sitèlman avèg ke I pat ka wè I. Epi milèt la te kraze pye I sou miray la. Epi I te monte sou li, epi Zanj lan-lan te kanpe nan chimen an ankò. Bondye ap bloke tout pòt! Epi milèt sa a toujou vire tounen. Epi I te sote desann, epi I te pran baton I epi I kòmanse fè I jemi avè I. Ti bourik sa a, lonje la a, ap pran baton sou tèt.

211 Epi m, sèten sa k te fè I chanje, sa k te kite I g on lide, oswa te di I kote I te fè erè, Li te kite milèt sa pale an lang. Pa on milèt, li t on bourik! Pa di I t on "milèt;" li pa ta ka genyen I, li t on ibrid. Ou wè? Li te semans orijinal.

212 Moab te: "Siy yo pase, tout bagay pase." Izrayèl te gen siy ki t ap swiv.

213 Men ti bourik sa a te vire tounen epi I te di: “Èske m pat bourik pa w? Èske m janm...” E evèk avèg sa a-sa a ki te chita anlè la, toujou ap bat milèt sa a; epi milèt la te rive pale avè I, nan lang ke milèt la pa konnen.

Epi I te di: “Wi, ou se-ou se bourik mwen.”

“Èske mwen-èske m pat janm pote w, oswa èske m te janm lage w?

“Non, ou pa fè I. Men si m te g on nepe, m tap touye w, m tap kanpe reyinyon sa a. M sou wout mwen la a pou m anpeche gwoup egzalte sa yo pase sou tè sa a. M tap-m tap mete I sou ou.” Ou wè?

214 E premye bagay ou konnen, li te rive gade nan viwonn lan, li te panse: “Ebyen, sa a dwòl. M ka tandè milèt sa a k ap pale.”

215 O, Balaam! Hmm! Ou wè, Bondye te toujou pale nan lang moun yo pa konnen. Li te fè I nan jou...Ou di: “Sa se jis sou Pannkotis.” O, non. Non, non. Nan fèt Belshazzar a Li te pale an lang, Li te ekri L sou mi a. Yo te g on moun la a ki te gen don entèpretasyon, alò I te entèprete I pou yo, li te di yo sa I te ye. Se menm bagay jodi a.

216 Kidonk, kòm pat gen okenn entèprèt pou Li, Bondye te jis kite ansyen Balaam sa a leve (kadinal sa a) epi reyalize sa L te ye. E èske n te konnen ke kanmarad avèg sa a te kontinye ale dwat tout jan? Sèten. Se fason sa yo fè I jodi a, menm bagay; Moabit yo, Nikolayit yo, kontinye dwat. Epi yo te kontinye al dwat lòtbò a, epi I t ale...Kounye a gade, si Bondye te dwe konsidere fondamantal, Li te gen devwa pou beni Moab; paske, remake, Balaam te bati sèt lotèl. Se egzakteman.

217 Chif sèt la: sèt laj legliz yo. Ou wè kòman aplikasyon espiyèl la? Kounye a, kenbe sa kounye a: aplikasyon espiyèl. M ap rive ladan I nan on minit, nan on pati ki di. Ou wè, aplikasyon espiyèl. Sèt lotèl, sèt toro (bèt pwòp), ak sèt belye; ap pale de vini Kris, dè santèn lane anvan L te vini.

218 Men, yo te kwè. Kisa yo te kwè? Yo te kwè nan Jehovah Bondye. Kisa yo te kwè ankò? Yo te kwè ke yon sakrifis ki pwòp te fèt pou ofri. Se vre. E yo te pretann ke yo te kwè ke Mesi a t ap vini, paske yo te ofri yon-yon mouton mal, ki t on belye. Se vre?

219 Bon, jis vin byen ak on Batis on fwa; chache konnen si yo pa fè menm bagay la. Se egzakteman vre.

220 Ebyen, kounye a ki diferans ki genyen? Men Izrayèl anba a nan pye bit la, ap ofri menm ofrann ke yo te ofri anwo isi a, ap priye menm Bondye a. Èske n pa ka wè Nikolayit yo? Ibrid

la! Ou wè li? Èske n pa wè vrè espiritèl la? Ki te diferans la nan yo? You nan yo te gen siy k ap swiv! Lòt la te gen fòm la, lòt la te gen siy yo k ap swiv.

221 Se menm bagay la ki te pase isi a, Konsèy Nise a; Nikolayit, Kreyènte fòmèl. E Sentespri a retounen epi L te di: "Nou gen doktrin Balaam la nan mitan nou." Ou wè? "E nou...M rayi zak Nikolayit sa yo, doktrin sa yo ke yo genyen an, paske se doktrin Balaam ki te anseye pitit Izrayèl yo pou yo bite." Kòman I te fè I?

222 Apresa lè I te soti pou I modi pèp sa a, Bondye te di: "M ap mare lang ou; ou pa ka di plis pase sa M di w. Ou pa ka modi sa M beni." Alò I te gad anba la a.

223 Epi gad ipokrit sa a! O, nou te ka jis kouri ak sa, ou wè. Gade vye Wa Balac sa a, sila a-a-a-a ki nan tèt tout sa, te di fo pwofèt sa a isi a, li te di: "Desann la epi jis gade pati ki dèyè yo a."

224 Se fason sa a gwo legliz yo-yo renmen di ti minorite Bondye a. "Ou konn kisa? M te konn youn nan yo. Gason! Ou konn sa I te fè? Li-li te fè sí, epi I te fè sa. Yo se Pannkotis. Sèten." O, men si w te jis konn laverite sou yo, men papyè ak bagay sa yo pral kenbe sa an silans. Men kite on ti Pannkotis soti nan sa ki dwat yon fwa, epi gad kijan tout peyi a ap fè gwo bri ak sa. Sèten. Wi, mesye.

225 Men, remake kounye a, li te di: "Annik gade pati dèyè a, dèyè a, pati k pi mal ladan I la." Balaam te di: "Ya, m ap jis gade pati dèyè a, move pati sa a sa yo fè a. Se sa m pral fè, m ap annik gade move karaktè yo a-yo a, yo pa bon." Paske si w tap gade sou sa k pa bon, yo pat bon. Se vre. Yo te fè tout peche ki sou almanak la. Men sa I pat reyisi wè a, li pat reyisi wè Wòch sa a ki te frape, Sèpan Eren sa a, lajwa Wa a nan mitan yo, gerizon, siy, bèl mèvèy, ak Kolòn Dife sa a ki te pandye anlè yo.

226 Pwofèt avèg sa a pat ka wè L. Non, mesye. Men li tap montre pati ki sal nan yo a: "Ebyen, m konn youn ki sove ak madanm yon lòt mesye. Mwen-m konn sa, li te vòlè on lajan." Se vre. Se vre. M ap admèt sa; men yo te gen menm bagay la lòtbò a, men yo pat di anyen sou sa. Ou wè? Kidonk li jis ap montre pati k pi mal la.

227 Men Li te di, Bondye te di: "Annik di sa M di." Epi Balaam antre nan Lespri a, tonbe an trans; epi pase pou I madichonnen Izrayèl, li te beni I. Amèn! Men li.

228 Kounye a, si Bondye te gen rekonpans...oswa respè pou on fondamental, lekòl segondè sa yo, ak gran seminè ak kolèj, ak Doktora ak D.L.D ak, o, tout kalite diplòm/D.D...Ebyen, e si L te gen respè pou sa, ebyen, alò, ou te ka...Li ta dwe gen respè pou yo. Ou wè? Men Li te respekte epi L te deja beni moun sa yo ak on benediksyon, paske Lespri

a, Wa a... Yo te di: "Te g on rèl pou Wa a nan kan an." Kisa? Kisa? "Wa sen yo." Rèl ak lajwa! Sou Kisa? Yon lòt Wayòm.

229 M ap pwouve nou yo pat denominasyonèl. Nou vle m fè sa? M panse m ap mete yon Ekriti isi a pou sa. Wi, mesye. Kite m pwouve nou ke Izrayèl pat...Ann vire tounen nan Nonb, jis konsa n ap wè ke se pa sa yo te ye. Yo... Kounye a, Moab t on gran denominasyon. N ap pran Nonb 23:9, m ap pran vèsè 8 la-la avè l:

E...Ki jan ou ta vle pou m-Kijan w ta vle pou m madichonnen, (se sa Balaam te di), moun Bondye pa madichonnen? owa Ki jan ou ta vle pou m' kraponnen moun Bondye pa kraponnen? (En-en.)

230 Kounye a koute sa...sa L te di:

Paske-Paske Mwen kanpe sou tèt gwo wòch yo, mwen wè li...(Se Bondye. Pa soti anba a nan vale a, men soti sou tèt gwo wòch yo. O! "Je L sou ti mwano a, e m konnen L ap veye sou mwen.")...sot sou tèt gwo wòch yo m te wè l,... (Amèn! Pa soti nan kèk...nan dèyè kèk vale konsa nou ka wè pati ki dèyè yo a; "M te wè tout bagay," Bondye te di.) ...sot sou tèt gwo wòch yo m te wè l, e antan mwen sou ti mòn yo, m'ap gade anba: Wi, se yon pèp k'ap viv yon jan apa pou kont li. Se yon pèp ki pa menm ak lòt pèp yo!

231 Èske sa regle l? Yo pat on denomination, "nasyon." O, yo te moun ki t ap mache pwomennen, nan tant, nan riyèl, anba nan kwen lari a, ti misyon an. Gen reta nan lwaye, yo choute yo deyò; Bondye t ap vle yo al lòt kote. Ou wè? Moun k ap mache pwomennen! Se vre!

232 Lòtbò a nan Jamayik, sa pa fè lontan, te g on doktè divinite Pannkotis debyen ki te kanpe la a. Epi m te di: "O, ala Seyè a te beni premye Legliz pannkotis la: yo pat g anyen." M di: "Yo te jis moun k ap mache pwomennen."

Li di: "En, Frè Branham?"

M di: "Wi, frè." M renmen l; frè debyen.

Epi l di: Mwen-m jis te vle montre w kote w nan lerè."

M di: "O, m sitèlman kontan pou sa. M-m toujou vle konnen kote m nan lerè, paske Bondye konn sa; m-m pa vle nan lerè." M di: "Ebyen, si m nan lerè, se sèten m vle konn sa, frè. Mèsi."

Li di: "Ou ret ap fè lwanj pou moun pannkotis sa yo."

M di: “Wè!”

Li di: “Yo te fè erè ki pi tèrib yo te janm fè, lè yo te vann byen yo.” Li di: “Lè pèsekisyon an te leve, yo pat menm g on kay pou y ale. Yo pat g okenn kote pou y ale, epi yo t ap mache pwomennen.”

M di: “Jis egzakteman volonte Bondye.”

Li di: “Poukisa?”

233 M di: “Si yo te g on kay yo t ap tounen, men yo te dwe sot isi a pou y al la a, ap simaye nouvèl la, toupatou, ke Sentespri a te vini. Pa di m ke Bondye te f on erè. Li pa janm fè erè. Li konn kijan pou L fè l. Yo te vann byen yo epi yo te vin moun k ap mache pwomennen, ap simaye nouvèl la toupatou.” Epi m di: “Nouvèl la te simaye bay tout mond yo te konnen lè sa a, pa moun sa yo ki t ap mache pwomennen ki lage tout bagay pou yo gen Sentespri a.” Moun yo pat fè pati yon denominasyon. Ou wè?

234 Bon, sonje, denominasyon a se sa Bondye ap rele: “Entegre nan doktrin Balaam la.” Ebyen, lè sa a, lè l pat ka fè yo antre nan denominasyon sa a, nou konn sa Balaam te fè? Bon, tandè byen kounye a, n ap pwoche fen an. Kounye a sa Balaam te fè, li te fè menm bagay la menm ke yo te fè isi a nan Konsèy Nise a. Se pou rezon sa L te di: “Nou gen doktrin Balaam lan ak Nikolayit sa yo.”

235 Bon, Nikolayit yo te moun ki te rale kò yo epi ki te vle fè òganizasyon yo e-e latriye. Ki, alafen...Konbyen moun ki konnen se Laverite lè m di: “òganizasyon”? Se egakteman Verite Bondye. Epi alafen yo te òganize pi gwo òganizasyon nan lemonn. E kisa yo te fè l vini? On Katolik. E kisa mo *katolik* la vle di? “Inivèsèl.” Yon òganizasyon, mondyal, òganize: “Tout ti bagay sa yo dwe vin nan yon sèl legliz.” Kounye a, si n va remake. O, mwen...nou jis kontinye avanse.

236 Gade! Kisa Babilòn te ye? Kimoun ki te fonde Babilòn? Nimrod. Kisa l te fè? Li te fè yon sèl gwo kay won byen wo nan yon gwo vil, epi fè tout lòt vil yo rann vil sa a omaj. Òganizasyon! Sa se kontèks la sou li. Sèten. Vin dwat isi a nan laj legliz la epi òganize ankò, epi te mennen tout nasyon yo ladan l. E isi a menm Li te di: “Pwostitye a ki te fè tout nasyon yo bwè diven fònikasyon l yo.” Adiltè l ke l t ap komèt la, ap pretann li s on “Kreyen” epi ap distribye dè bagay kon sa: katechis, liv priyè, epi tout lòt bagay. Epi Pwotestan yo vin dwat ladan l, menm bagay la, jis ap swiv tras li yo dwat.

237 Trè byen, ann al on ti kal pi lwen kounye a. Trè byen. Trè byen. Li te di kounye a, ke: “Sa yo se te doktrin Balaam yo.”

238 Kounye a, kisa Balaam te fè lè l te dekouvri ke l pat ka-ke l pat ka madichonnen Izrayèl? Li te di Balac sa t ap on bon lide, lè sa a, pou l envite moun sa yo nan festival bondye a. Yo te g on-yo te g on-on gran festival anlè la a, yo te...kote yo ta pral genyen. Epi yo...Festival la te rele: "Fèt Baal-p-e-o-r, Baal-peor." M sipoze p-...peor, Baal-peor. Se t on-on fèt, pou adorasyon.

239 Epi Balaam te di: "Kounye a, m ap di w, Balac, m ap ba w on bon lide. Si w va jis... si w...Bondye pap madichonnen yo, se tout sa k gen nan sa, kidonk m ap di w sa n pral fè. Nou pa ka debarase de yo; men si w va jis envite yo vini, w ap chanje tout bagay la nan fason pa w."

240 Ou wè, egzakteman, egzakteman sa Constantin te fè a. Pafètman! Se pou rezon sa "doktrin Balaam la."

241 Kisa yo te fè? Yo lè sa...Ansèyman Balac la te desann nan mitan Izrayèl. Epi yo te envite tout Izrayelit yo monte nan gwo fèt sa a, gwo banbòch yo te genyen an. O, on gwo fèt, on bagay de banbile yo te genyen anlè la. E lè yo te rive anlè a la a, pouki, moun Izrayelit sa yo kòmanse wè bèl fanm Moabit sa yo, abiye seksi. Wi, pat tankou fi òdinè pa yo anba la a. "O, yo te parèt sitèlman bèl. O la la! Kijan yo te fèt epi, o, kijan yo te ka montre tèt yo." Epi yo te tonbe pou sa, epi kòmanse komèt adiltè. E Balaam te konnen si Bondye pa t ap madichonnen yo, li t ap fè yo vin la a sou bò denominasyonèl sa a epi sa t ap kòz kòlè Bondye a touye yo tout jan; kite Bondye touye yo Limenm, si jamè l te ka fè yo soti nan chimen Verite a.

242 E osito w soti epi w antre n on legliz pase pou resevwa batèm Sentespri a, ou mouri! (Pa pou noumenm, men bò *isi a*, m ap kite sa a byen antre on ti moman.) Mouri! Te di Luther *isi a*, sou Laj Sad la "Ou g on non". Mo *Sad* la vle di "mouri." "Ou g on non ke w vivan, men w mouri!" Se sa Bondye te di. Ya. Ou wè?

243 E lè yo te komèt fònikasyon espiryèl anlè la a, legliz la soti nan batèm Sentespri a, marye ak on denominasyon, yo vin mouri. Men li. Se sa Bib la te di, se sa Bondye te di, an palan de legliz yo.

244 Kounye a m vle jis li on bagay *isi a* pou nou, ke mwen...

245 E Bondye, kisa l te fè? E kounye a lè yo te fè move bagay sa a, e yo te nan adiltè, Bondye te touye karande mil nan yo on sèl kou; karande mil, poutèt yo te komèt adiltè. E de kisa y ap pale *isi a* nan legliz la? Adiltè espiryèl la, ke ou deklare ou s on "Kreyen" epi w toujou ap viv tankou mond lan. O, frè, resevwa Sentespri a! Rale kò w sou ansyen kredo sa yo ak bagay sa yo nou...yo mouri; resite Kredo Apot la, oswa kèk kalite kredo, epi di kèk priyè

ki te ekri sou on liv priyè, oswa on bagay kon sa. Jezi pat janm di pèp Li pou di on priyè, Li te di: "Priye!" Priye! Trè byen.

246 Kounye a, fèt Konstanten a, menm jan ak Balaram. Kounye a gade. Menm jan a fèt payen Balaram lan, Konstanten te gon fèt payen tou. Ok. Pègam te envite. E gade sa a kounye a...

247 Gon bagay m ekri la a, m pap manyen l kounye a. Ok. Ok. M jis tap eseye pale de nòt sa a... on bagay m ekri la a.

248 Yo te envite Pègam. Trè byen, yo te envite nan on fèt apre Konsèy Nise a. Yo te envite nan fèt *Solsis Ivè* a; ki vle di, "solèy la, adorasyon solèy la," ki te on dye payen; ki te tonbe on 21 Desanm, jou ki pi kout la nan ane a. E ane yo... Lè a ret menm lan, li pa chanje anvan 25 Desanm. Tout payen yo te selebre l, fèt dye solèy la. Fèt dye solèy la, te jou ki te pi kout nan ane a, 21 Desanm. Nenpòt ki moun ki janm li istwa legliz yo konnen ke payen yo te adore jounen sa a. Se te on selebrasyon.

249 Eben, Women yo te gen... yo te gen gwo jwèt yo, sirk Women an. Konbyen ki wè sa a isit la, sal te ye a, sa pa fè lontan, yo te soti? Ben Hur! Wè? Bon, sirk Woman an; se sa Women yo te genyen jounen sa a, pou komemorasyon anivèsè nesans dye solèy la. Wè?

250 Kounye a... yo fè on gwo fèt anlè a, e yo envite Nikolait yo pou yo vini. Oh! Se pa bèl bagay? "Ansèyman Balaram ou gen an ou." Wè, ap di Pègam sa yo te genyen, gwo kous yo. La a, yo te panse ke... Nikolait sa yo te panse: "Eben, kounye a, se trè byen. Gwo fèt sa a selebre chak ane? Wi." Alò avèk envitasyon swadizan achevèk lan-lan-lan, ou kèlkeswa sal te ye a lè sa a, yo pranl pou fon bagay abityèl: pou mennen fònikasyon, mennen adiltè, ap fòme legliz Katolik la; kote tout denominasyon Pwotestan manm, òganizasyon. Bondye pa gen òganizasyon, e L rayi non sa a menm. Bib la di sa.

251 E lè yo fè sa, kisa k rive? Yo-yo di kounye a... Fòk yo te gon aplikasyon espiyèl, alò yo chanje anivèsè nesans (Seyè Jezi) F-i-s de Dye depi Avril (tout bon entelektyèl konnen, e nenpòt moun ki gen revelasyon espiyèl, ke L te fèt menm epòk ak anyo yo ansanm ak lòt bagay ki fèt: an Avril.) rive jounen 25 Desanm. E yo toujou ap adore Nwèl, kounye a se Papa Nwèl. Epi kisa... Oh, mizerikòd. Wè? Pis fèt payen ap ajoute toujou. Se tou. Men nou, envite, Balaram. "Nou gen doktrin Balaram nan mitan nou." Men li. (O Bondye, jis revele l, Papa.) Wè? Anivèsè nesans depi Avril rive...

252 Kounye a, istoryen an di ke "Tout prèv ki montre ke Jezi te fèt nan mwa Avril, lè tout lòt fòm de vi parèt." Men yo vin chanje l pou jounen 25 Desanm, senk you apre (wè?) apre dye payen an, pou yo te ka mete seremoni yo a ansanm: payen ak Kreyen. E Katolik la pa anyen lòt ke on gwoup de payen sipèstisye ak dechè Kreyen met ansanm, nan lemonn. Se

vre. Se verite. E Pwotestan yo ki jwenn li se egzakteman pitit fi manman jennès la. Se egzakteman sa.

253 Kounye a, Bondye ede nou pou nou sa ye de veritab manifestan kont tout sa ki pa sen. Wè? Oh!

254 E pou fè aplikasyon esprityèl la, èske nou konn kisa evèk la di? Evèk la di: “ Nou gen dwa fè sa paske li se ‘ Solèy jistis la.’” Hmm! Oh, yo gon fent, menm jan yo fè nan “ Papa, Fis, ak Sentepri,” Matye 28:19, menm kalite, egzak. Evidaman, yo gon fent, fòk yo gon espès daplikasyon esprityèl, nou wè. Men l pa...

255 Bib la di: “ Kite chak pawòl deklare nan bouch de ou twa temwen.” Bondye di sa, Li di l twa fwa. Si Bondye te pran pawòl la pou verifye lòt bagay, Li te pran Pyè, Jak ak Jan; tout sa L fè, Li te gen de ou twa temwen pou L pwouve tout sa L fè, atravè Ekriti a. Se vre.

256 Alò, nou wè, fò ti bagay sa yo rive pou yo sa ka itilize l jan yo vle. Bondye te konn sa depi anvan fondasyon mond lan. La yo pran l, aplikasyon esprityèl la: “ Paske Li se F-i-s de Dye, nap jis pran anivèsè nesans solèy payen an pou fè l vin anivèsè nesans F-i-s la, paske li son ‘ Solèy jistis.’” Hmm! Hmm! Nou konnen, Pwotestan yo toujou pran nan sa, on bagay konsa. Evidaman, yo prann li nan Ekriti a pou aplike l on lòt kote. Oh, lala! Mwen... Annou-annou kanpe on moman. Ok.

257 Men on ti bagay m ta renmen pran. Annou pran fen vèsè sa a vit. Èske n ka fè sa? Wi. Eben, map fè vit vre, vrèman vit kounye a, e nap... nap touche pwen esansyèl yo. Ok. Kote nou ye kounye a?

Men... kèk bagay... m gen... kont ou,... Balaram,...

Se vre, m note l.

Ou gen doktrin Nikolait la tou...

Repanti;... sinon m... ap vin... vit, e... map konbat ou ak epe bouch mwen.

Sa ki gen zorèy, kite l tande sa Lespri a ap di legliz yo;...

258 Oh lala! Isit la lè Konstanten fè sa, se te... Lè yo te òganize gran fèt sa a. Mwen-m jis... m kòmanse elwanye m de sa; map tann anvan m li l paske Sentepri a ap pede tounen la a san rete, se poutèt sa m fè sa m fè a; Li di: “ Pa kenbe sa.” Wè? Men li! Uh-huh, uhuh, uh-huh. Ok. Rezon an...

259 Lè yo òganize gwo bagay sa a, (M vle di nou sak rive pou n sa konprann.) Se te nesans pòs milenium la. Paske legliz la te vin rich; li te rich tout bon. E kisa l te ye? Pwisan. Li tap gouvène sou leta a, leta ak legliz te ansanm.

260 Kounye a, Bondye ak on wayòm? E èske Jezi pat di ke yo... Chak nasyon sa yo te pou li, li di Jezi sa, li montre l wayòm mond lan, li di: “ Yo tout pou mwen. M fè sa m vle avè yo.” Epi mete Bondye ak dyab la ansanm? Oh, ou pa ka fè sa! Sèten, ou paka fè sa. Se rezon ki fè leta a òganize. Bondye pa, Li pa nan òganizasyon sa yo. Se sèten ke non, ou pa ka fè sa.

261 Men yo te gen lè sa a, yo te gen legliz yo ki rele Krisyanis; yo te ini l ak nasyon an, a tout anpi Wòm lan, tout nèt. On gran evèk la ki tap gouvène, se te Boni-... Aprè on tan, yo rele l pap, men l te on-li te on evèk lè sa a. E se Bonifas III ki vin premye pap la.

262 Apresa nou dekouvri ke li enstale l isit la tankou on vre pap... On bondye ke yo te genyen, sou fòm on moun. Yo te gon gran lotèl. Yo te gen bèl richès. Yo te gen gran pwisan lotèl an mab, dekore ak pyè presye, e ensidswit, tout kote. E yo te gen gwo legliz. Yo tap kontwole leta. E nou konn kisa? Pawòl la pale ke “se te Milenium la”, ke tout pwomès ki te fèt a pòv jwif sa yo, ke “ Bondye te abandone yo” (Kote L di ke L pa ka janm fè sa), e yo eseye prezante Milenium lan anvan Seyè Jezi vini. Lè Jezi vini, se lè sa Milenium lan pral kòmanse.

263 Sa se kote pos milenium lan fèt. E se rezon sa kifè ke Katolik la pa anseye ke Jezi ap vini, jiska jodia. “ Tout nan legliz la. Se Milenium lan. Legliz la posede tout bagay. Se sal ye.” Wè, pos milenium (Oh, lala!) san Jezikri tounen. Sa a dire jiska اساسina Konstanten ki te fèt ant 312 e-e...apre J-C 312 e 606. Apresa yo te vin nome Bonifas III evèk ou pap inivèsèl sou tout Egliz Inivèsèl la.

264 M kwè ke nou pral fin vèsè sa a, apres a map fini. Lwe Bondye. Wè? Kounye a, m jis rete pou on minit. vèsè 17:

Sa ki gen zorèy, kite l tande sa Lespri-Lespri a ap di legliz yo; Li menm kap genyen, map bay manje... laman kache a, e map ba l on pyè blanch, e nan pyè a ap gon nouvo non ki ekri, ke pèsonn moun konnen sòf li menm ki resevwa l.

265 Èske n ta pito tann demen swa, oubyen genyen l kounye a? [Asanble a reponn: “ Kounye a!” -Ed.] Ok.

266 Papa ki nan Syèl la, m priye ke Ou pral kite moun yo konprann kounye a, nan Non Seyè Jezi, ke yo ka konprann tout kote (e kote bann yo prale), ke yo ka konnen ke mwen-m di sa paske sa-sa se entèpretasyon Divin ke Ou ban mwen. Amen.

... li menm *kap genyen*...

267 Premye bagay m vle ke nou sonje: ke chak mesaj sa yo pa adrese a legliz la, men a anj egliz la. Gade isit la, premye a, egliz Ef-... a egliz... a...

A anj egliz Efèz la... (Se vre?)

268 Ok, pwochen aj egliz la, vèsè 8 la:

... a anj egliz Esmine la...

269 Ok, e vèsè 12 la:

... a anj egliz Pègam la... (èske se sa?)

270 Mesaj la adrese a chèf egliz la. Bondye ede nèg sa a ki pral elwanye l de Mesaj sa a! Men yo te bay on anj Li, e anj lan te nan men L sou pwòp kontwòl Li, ap pran pouvwa ki soti de Li, de men dwat Li. Yo nan men dwat Li, sa vle di, yo gen pouvwa sipwèm pandan yo isit la sou latè a; paske yo se Limyè ki vin de Li, kap bay Limyè a aj egliz sa a. Wè? “A anj egliz la.” Ki adrese a etwal (de laj la) ki responsab. Anj egliz la responsab si l pa preche Pawòl la. Se vre. E anj sa a ap gen pou l reponn lè jijman an.

271 Konbyen ki sonje vizyon isit la, sa pa fè twò lontan, sou... Gade la a. Lè m te-lè m te lonje sou kabann lan, e ke Sentespri a vini; e m gade dèyè, madanm mwen te la. E m te lonje la a, e m monte nan Prezans la, e m wè tout moun sa yo. E nou sonje lè m rakonte sa? Nou tout sonje. Wè?

E m di: “Eben, èske yo...?”

Li di: “Se pa w yo ye.”

E m di: “Yo tout se Branham?”

Li di: “Non.” Te gen dè milyon nan yo. Li di: “Sa se konvèti pa w.”

E m di: “Konvèti?”

272 “Ou wè madanm sa a ke w tap admire anpil, la a, jèn e bèl,” Li di: “Li te gen plis ke katrevendi zan lè w mennen l a Kris.”

E m di: “Oh!” m di: “E se sa m te pè?”

E l di: “Nap tann la a pou lè Seyè a ap vini.”

M di: “M vle wè L.”

273 Li di: “ Ou poko ka wè L kounye a, men” li di: “ byento Lap vini. Nap tann Li, men lè L vini, Lap vin a ou anvan. E yap jije w selon Levanjil la ke w preche, e nap sijè w.”

“ Eben,” m di: “ ou vle di m responsab yo tout?”

“De nou tout!”

M di: “ Eben, èske tout moun...?”

Li di: “ Ou fèt on lidè.”

E m di: “ Eben, èske tout moun ap responsab?”

Li di: “ Tout lidè yo.”

M di: “ E pou Pòl?”

Li di: “ Lap responsab pou laj //.”

“Eben,” m di: “ M preche menm Levanjil avè l.”

E milyon vwa leve, yo di: “ Nap repoze sou sa!” [Asanble a di: “ Amen!” -Ed.] Wè? Men li, “nap repoze.”

274 Alò *anj* Bondye a, mesaje pou egliz la, li responsab si l pa preche Pawòl la. Ok.

275 “ Laman kache.” Annou bay meyè entèpretasyon ke n kapab. Kisa “ laman kache” a reprezante? Laman kache te on laman ki te konsève on kote... oubyen pen de prezantasyon, nan Bib la, sa se te jis pou prèt la. Konbyen nan nou ki konn sa? Wè? Kounye a, li pat pou... Yo te gon pen pou asanble a, men te gon pen espesyal pou prèt la. Pa vre?

276 Sa son pen espesyal, on pen espesyal, laman *kache*. Kisa l ye? Kiyès ki Laman nou? Kris. Ok, Jan, chapit 6 la, vèsè 48 a 50, si wap note l. Jezi di Li te “ Pen Lavi ki vin de Bondye soti nan Syèl la,” Laman lan.

277 Eben, kisa k “laman kache” a? Laman ki pa bay a tout asanble a. Revelasyon an vide sou *anj* egliz la, revelasyon Pawòl la. Wè? Revelasyon Pawòl la ale a *anj* laj sa a, paske l kache tout kote, e l revele tounen (laman kache) a... Li adrese a *anj* legliz la. Wè? Nou konprann? Son revelasyon ki on ti kal pi gran sou kisa Kris ye, petèt on apèl ki on ti kal pi wo.

278 M mande m si Lutè te konn sa? M mande m si Wesley te konn sa nan jou pa l? Oh! M mande m si Sen Marten te konn? Irene? Kounye a, nou konnen, legliz la pat menm kanonize moun sa yo, yo pat dè sen pou yo; men se yo ki te akonpaye pa siy yo. Yo te pran pwòp evèk pa yo-yo, e ensidswit, pou kanonize.

279 Bon, isit la sa pa fè lontan, on madanm ale pou l pran *Lavi Sen Marten* nan on libreri Anglè. E lè... Li di: “ Sen Marten.”

280 E moun lan soti l nan etajè a, li di: “ Moun pa tèlman konnen l nan listwa, li pat kanonize.” Wè? Jiska jodia; men Bondye gen non l, Bondye konn kiyès li ye.

281 Wè, se sa ki diferans lan. On moun vle pou non l asosye a on gwo bagay, men pèp Bondye a vle evite mòd bagay sa yo. Yo pa vle dè gwo bagay, bagak ki imans; yo vle enb, imilite sa a. Fason-fason pou monte se desann. “ Moun ki rabese tèt li, yap leve l; moun ki leve tèt li, yap rabese l.” Li imilye tèt li. Pa eseye vin on gwo bagay; eseye vin on ti bagay, men rete sa w ye a. Wè? Rete piti nan je Bondye, rete piti nan pwòp je w, ke tout moun anlè w. “Sa ki vle gran nan mitan nou, kite l vin sèvitè nou.”

282 Ki moun ki te ka pi gran ke Jezikri ki antoure tèt Li e ki lave pye disip yo? Li tounen, on domestik kap lave pye. Bondye ki nan Syèl la, Kreyatè syèl la ak latè, kap lave pye sal pou moun kap fè lapèch (Oh!) ak fimye, ak pousyè sou wout, kote rad yo tap trennen, e l lave yo; on domestik kap lave pye, se sa l te ye. E apres nou panse: “ Nou enpòtan. Nou dwe Doktè, Ph.D, entel entel.” Oh, lala! Sa se pa Kris. Sa pa degaje lanmou an... byeneme Jezikri. Li vin Sèvitè tout moun. Se vre. Li bannou on egzanp ke n ta dwe fè youn anvè lòt menm jan l fè l la. Oh, sa se-sa se Seyè mwen. Sa k fè l gran, se paske li fè kò l tou pitit. Wè, se sa k fè l gran.

283 M te gen privilèj rankontre de gran zòm nan vi m, e m te gen privilèj rankontre dezòm ki te *panse* yo te gran. On òm ki gran tout bon ap eseye fè w santi ke w gran e ke l pa anyen. Wè? M rankontre wa, e ensidwit, e dèzom ki vrèman de gran zòm. E ou rankontre de vrè Kreyen fidèl, ak rad ki te chire, ak bagay konsa. Epi kèk nan yo vini sou chè a tankou son spektak mizik e apre... Wè? Oh, lala! Eben, li tèlman lwen... Ok.

284 “ Laman kache a,” on ti bagay *espesyal*. Kisa ki *espesyal*? Pa on bagay pou... Benediksyon Sentespri a? Oh, non, sa se pou tout asanble a. Men “laman kache” a se ton revelasyon espesyal paske l te dwe anseye l bay lòt. Wè? Se te plis konesans sou Ekriti a, ke l te ka anseye lòt moun. Li sipoze fè l. Pa vre? Ou pap janm viv pi wo ke pastè w. Jis sonje sa a, wè. Epi... Paske li se bèje a kap ba w manje. Si l se bèje a, fòk li konn kote laman la ye, pou bay ayo a-a manje. Pa vre? Kounye a, on ti espesyal. E gade sa on minit, revelasyon an, laman kache a.

285 Kounye a, “ Wòch blan, lap gon wòch blan.” Anj sa a ap gon ròch blan. Sa son ròch, pa vre? [On frè di, “ Pite.” - Ed.] E on... Li gen rezon, “ pite.”

286 Li-Li rankontre on moun on lè e l te rele Simon, e L chanje non l pou Ròch, "Pyè." Poukisa? Li te gen kle yo. Pa vre? Li chanje non l e l vin on ròch. Pa vre? Pyè te gen kle yo paske se li k te gen kle Wayòm lan.

287 " On nouvo non, on nouvo non ki ekri nan ròch sa a ke pèsonn moun konnen sòf li menm ki resevwa l." Li konn kiyès li ye, men l pa ka di lòt moun. Wè? Wè? Pèsonn moun konnen sòf li menm. Wè? Pyè te konnen l te gen kle yo, men ou pa janm tande l kap vante tèt li sou sa. Wè? Nèg sa yo kap vante tèt yo sou kisa yo ye, anjeneral yo pa anyen. Uh-huh, uh-huh. " On ròch blan, e ladann on nouvo non." Pa pwòp non l, men l son lòt moun (Wè?) ke li menm sèl konnen; li menm ki gen ròch la, non an. Wè, laman espesyal pou bay legliz la manje, sonje.

288 Sonje lè sa a te rive nan legliz sa a, sete nan menm laj la (menm moman ke sa a te revele) kote Nikolait yo te etabli on tèt nan egliz yo a, on pap, e yo te ba l on lotèl ak ròch ki blan anba l, on lotèl ak mab. Pa vre? Dekore ak bijou, e bagay konsa, ki te presye pou *li*.

289 Men lanj Seyè sa a te konnen kiyès *li* te ye, on pitit gason Bondye, atravè-atravè revelasyon Jezikri.

290 E lè-lè Nikolait yo te etabli lidè yo a e te mete on ròch mab nan pyè li (Wè?), Bondye te etabli Chèf Li ki ranpli a Lespri pou gwoup Li ki ranpli a Lespri a; anj Li; E L mete sou li on non ki sele, men fò l pa revele li. Fò l kenbe l pou tèt pa l, wè. " Pèsonn moun konnen sòf li menm."

291 "Laman kache, on ròch, on nouvo non ke pèsonn moun konnen sòf li menm," e l te adrese a anj egliz la. M mande m si Lutè te konn sa? M mande m si Wesley te konn sa? M mande m si-si lòt gran anj yo?

292 E m mande m jodia, si nan... Li menm kap vini nan mond lan byento, gran anj Limyè a kap vin a nou, kap kondui nou deyò, on gran Sentespri, kap vin ak pwisans, e kap kondui nou a Seyè Jezikri a. Petèt ke l pap konnen, men lap la, nan jou kap vini yo. Lap fè... Bondye ap fè moun konnen l. Li pap gen pou fè moun konnen l, Bondye ap fè moun konnen l. Bondye ap pwouve l pou sa yo ki pou Li. Se sa L di lè Jezi te isit e ke yo pat rekonèt Li, wè. Li di: " Si M pa fe zèv Papa M, alò pa kwè M, men si M fè zèv Papa M e ke w paka kwè M, alò kwè zèv yo." Pa vre?

293 Oh, èske L pa ekstraòdinè! Liv Apokalips lan. Kounye a, nou wè kibò legliz yo ye? Èske n wè kijan yo ranpli? Nou wè kijan legliz la devye isit la a? Kounye a, se laj kote nap rive demen swa, si Bondye vle.

294 Kounye a, m dezole m kenbe nou tout tan sa a, men mwen-mwen-m espere ke nou-nou aprann on bagay. E pran nòt, ke lè... m gen plis toujou, anviwòn twa ou kat paj an plis, men m pa gen tan pou m rive jis la, e, poutèt li ta, li prèske disèt minit kounye a anvan... Men nap mete l nan liv la, de tout fason, alò nou-nou-nap genyen l.

295 Kounye a, konbyen ki renmen L ak tout kè nou? Konbyen ki kwè L ak tout kè nou? Oh! Kounye a, èske nou panse m tap la jis paske nou pa fè pati de òganizasyon-ke nou pa fè pati de òganizasyon e ke map di bagay sa yo? Èske nou konprann kounye a, frè m yo, poukisa mwen-mwen (tout vi m) m goumen kont bagay sa yo? Wè? Se te Sentespri a. M pat ka konprann li mwen menm, m pat konnen l jiska kèlke jou de sa. Wè? M pat konn kisa k te pouse m aji konsa; m pat konn poukisa m tap rele dèyè medanm yo kap mennen on move vi, m pat konn l, kounye a m konnen. Wè?

296 Kounye a, Seyè a konnen ke bagay sa yo fo. La a, yo tire de listwa, e men... Bib la di... kounye a gade, Bib la te di (davans) ke bagay sa yo ta pral rive. Kounye a, nou konn sa, pa vre? Answit, nou pran istwa aj sa a, e nou wè ke sa pase egzakteman jan Bib la te di. Pa vre? Eben, alò, lè nap rive la a, laj egliz pa nou, sa L predi pou laj egliz pa nou, sa pral pase egzakteman jan Bondye di l. Èske nou kwè sa? Oh! Èske n pa vle...

Oh, mwen vle wè Li, gade vizaj Li,

La pou chante a jamè gras Li kap sove;

Nan lari de Glwa yo, kite m leve vwa mwen;

Tout sousi pase, anfen lakay, pou toujou ap rejwi.

Oh, mwen vle wè Li, gade... (Konbyen ki

vle?)

La pou chante a jamè gras Li kap sove;

Nan lari de Glwa yo, kite m leve vwa mwen;

Tout sousi pase, anfen lakay, pou toujou ap rejwi.

Kounye a pandan ke nap bay youn lòt lanmen, devan, dèyè, tout kote, ak tout Methodis, Batis, Presbiteryen, kèlkeswa sa l ye:

Map vwayaje nan peyi sa, ap chante pazapa,

Oh, ap pwente nanm yo a Kal-... (pa egliz la,

Kalvè.) Atravè mare wouj la,
Anpil flèch pèse nanm mwen, de deyò,
de anndan;
Men Seyè mwen kondwi mwen, a Li pou m akwoche.

Annou leve kounye a:

Oh, mwen vle wè Li, gade vizaj Li,
La pou chante a jamè... (Annou leve men nou
anlè.) ... gras Li kap sove;
Nan lari de Glwa yo, kite m leve vwa mwen;
Tout sousi pase, anfen lakay, pou toujou ap rejwi.

297 Oh, jan mwen renmen L! Jan mwen renmen L! A la bèl! A la bèl!

A la bèl, a la bèl, Jezi ye pou mwen,
Konseye, Prens de Lapè, Dye tou Pwisan Li ye
Oh, Li sove m, prezève m de tout peche ak wont,
A la bèl Redanmtè m bèl, lwe Non Li!
M te pèdi on lè, kounye a yo jwenn mwen, lib de kondanasyon,
Jezi bay libète e on sali konplè;
Li sove m, prezève m de tout peche ak wont,
A la bèl Redanmtè m bèl, lwe Li...

Tout moun, byen fo;

A la bèl, a la bèl, Jezi ye pou mwen,
Konseye, Prens de Lapè, Dye tou Pwisan Li ye
Oh, Li sove m, prezève m de tout peche ak wont,
A la bèl Redanmtè m bèl, lwe Non Li!

Oh, a la bè!

A la bè, a la bè, ke Jezi ye pou mwen,

Li Konseye a, Prens de Lapè, Dye tou Pwisan Li ye

Lap sove m, prezève m de tout peche ak wont,

A la bè Redanmtè m bèl, lwe Non Li!

298 Annou di ansanm: “ Lwe Non Li!” [Frè Branham e asanble a ap pale ansanm-Ed.] : “ Lwe Non Li!” Redanmtè mwen! Sonje demen swa, sèt è. Jiske la, jiskaske nou tounen la ankò, fè sa:

Pran Non Jezi avèk ou,

Pitit chagren ak mizè;

Lap ba ou jwa ak konfò... (M kontan wè w la frè,

Ke Bondye beni w.)

... tout kote w prale.

Presye Non (presye Non), Oh ala

dous! (Oh ala dous!)

Espwa latè e jwa Syèl la;

Presye Non (presye Non), Oh ala

dous!

Espwa latè e jwa Syèl la.

299 Pandan ke nou koube tèt nou kounye a pou priye, pou dènye chan an, ou dènye pasaj la:

Map koube nan Non Jezi,

Map tonbe atè... (Seyè Bondye, geri yo,

Seyè, alò ke...) ... nap kouwone L,

Lè vwayaj nou an fini.

